ISSN 0132-9723

МАХЩАЛИЛАЙ

ХIАЛТIИГИ ГIУМРУГИ

РЕКЪОН БАЧУНА

ГIУМРУЯЛДАСА

ЛЪУГЬА-БАХЪИН

ДИЦА РАКI

МАГIАРУХЪ ТАНА...

БАСРИЯЛ

ЖИЛДАЗДАСА

ТАЛИХIАБ

ЦIВАЯЛЪУЛ

КАНЛЪИ...



# МагIарулай

3.2022


MINNIE
MOUSE
MINNIE
MOUSE

# РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# ГIУМРУ – ГIАММАБ НИЛЪЕР БЕЧЕЛЪИ...

Дидаги, гьал мугIрузул
ЦIар бахъанщинаб мехалъ,
ЦIализе закон хъварал
ТIахьал руго рихьулел.
Цоцаца цоцазухъе
Бегьун унеб цIа буго,
Цоцаца цоцазухъе
Бекун кьолеб чед буго.

*Фазу ГIАЛИЕВА*

Нилъеца гIумру гьабулеб буго хIалуцараб, хIинкъараб заманаялъ. Кин букIаниги, нилъеца, ракI гIодоб чIвазе биччачIого, гIумруялдеги гIадамаздеги рокьи цIунизе ккола.

Нилъеда киназдаго лъала 2022 сон Дагъистаналда Фазу ГIалиевалъул сонлъун лъазабун букIин. Республикаялда гьеб юбилеялда хурхун тIоритIулел руго ва тIоритIизе руго гIемерал тадбирал. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовас цо гьединаб тадбиралдаса хадуб, Украинаялда бугеб ахIвал-хIалалъул бицунаго, абуна «ЧIаго йикIарайани, жакъа Фазу доя йикIунаан!» - илан. БитIараб бугилан ккана дидаги ракIалде. ВатIаналъе хIинкъи бугеб мехалъ цо бакIалда чIезе кIолароан долда, бищун хIалуцараб бакIалде, гьениб Эбелалъул ва ШагIиралъул гIакъилаб рагIиялъ рокьукълъиги, тушманлъиги, рагъги чIезабизе унаан.

ТIахьаздасанги киноясданги гуреб, унго-унгоги рагъул кьогIлъи лъалей – гьелъул къисматалдасан ана гьеб – Фазуца кидаго жиндирго шигIрабалъ ва макъалабалъ рагъалде данде лъолаан чIагояб гIумру. ВатIаналде, дунялаладе, киналго дунялалъул гIадамазде бугеб рокьул цIураб гIумру!

«Дур творчествоялъе кьураб кинаб къимат дуе бищунго рекIее гIолеб», - илан дир суалалъе гьелъ: «… дир гьудул ва таржамачIужу Инна Лиснянскаялъ абуна дир творчество тIолгодунялалъулаб бугилан. Гьеле гьеб гIуна дир рекIее бищунго. Цойги, ТIолгодунялалъул рекъел цIуниялъул комитеталъул член хIисабалда кинаб пачалихъалде щваниги дида абулаан «Гьале бачIана доб ракълил хъахIмиккийилан. Гьеле гьелдасаги цIакъ чIухIулаан», - илан жаваб кьуна Фазуца.

Жакъа ракIалде щвана цойги Фазул рагIаби, жиндие рухIги, хIалги, пагьмуялъе къуватги кьолила гIагараб халкъалъ ва гьелъул бахIарчилъиялъ. Кинаб поэмадай жакъа хъвалаан Фазуца ВатIан цIунулел ругел нилъер гIадатиял дагъистаналъул васазейилан пикрабалъ йиго дун…

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

ПРОФЕССИЯЛЪ ГУРЕЛГИ ГЬАРУЛА ГIАГАР .......................5



Гулерада ракIалде щолеб буго тIоцее телевидениялде, «Дагъистан» телерадиокампаниялъул генералияв директор МухIамад ХIамидовасухъе ячIараб къо. «Эркенал бакIазде нижеца лъазабун букIараб конкурс лъугIана», - ян абуна гьес, Гулераца жиндир мурад загьир гьабидал, гьельги абичIо жий ругьун гьайиялъе гьадинго хIалтIизеги хIадурай йигин. Амма рагIизабуна, эменго гIадин, журналистикаялда йикIине бокьун букIанилан.

БАХIАРЧИ ....................................8



НурмухIамадихъе «жиндирго» рота щведал, гьев цин рекIекълъун вукIана, васал рукIана загIипал, гIадлу гьечIел, пахрулъи бугел. Амма ичIго моцIидасан гьеб рота рикIкIана Россиялъул ВДВялда бищун лъикIаб роталъун. Гьесда бажарана киналго цолъизаризе. Киналго лъикIал васал ратана.
- Гьес гьел цолъизаруна ва Украинаялде ритIулел рукIин лъарабго абуна «БачIун буго приказ. РекIее гIолареб жо батани – гьанибго абе. Дора нилъ цадахъ гъункун рукIине ккола!» - йилан. Цонигияв нахъе инчIо.

КЪО ККАРАЛЪУЙ ЯТУЛЕЙ......14



Туснахъалда рос, рагъда вас ва рукъ цIурал лъимал… Чанги къо бихьун батила дир кIудияй эбелалда гьеб заманалда. Жиндир хъизамалда цадахъго гьелъ хьихьун йикIана бусаде ккарай росасул яц Муъминатги, бетIербахъизеян Гуржиялъе арал эбел-эменги хун, бесдалльуда хутIарай Хизрил вац МухIамадил яс ПатIиматги.

КИНАБГО ДУДА БАРАБ БУГЕБ ГIАДИН ГЬАБЕ ГIУМРУ......... 26



– Бищунго лъикI ракIалда хутIана кьурабаз сверун къараб дир гIагараб Убра росу. Дир букIана ункъо сон. Роол заман, сверухъ гIурчинлъи ва тIугьдул, тIад бигъараб хъахIилаб зоб. Дица тIугьдул ракIарулаан, харда ясандулаан, чанги гьениб гьваридаб кIкIалахъе йортизеги рес букIунаан, амма дун кколев чи вукIана, хвасар гьаюлаан…



# КИДАГОСЕБ КIОДОЛЪИ…

**Хабар-калам дагьай, гIодое йиччарай гIадан йикIиналъ, гьалда аскIоре щведал нилъго рукIине ккола кIалъа-басаялъе хIадурал. Дица тана гьеб гьелъул тIабигIат батилин ва гьелъулъ бугин гьелъул хаслъи…**

**Кинайха гьей нилъеца бицуней гIадан йигей? Дида гьей ятана батIи – батIияй, цебеселда абизегIан релъинчIей, гьебго заманалда гIадаталги гьанжесей дагъистаниялъул сипаталги рекъезаризе лъалей гIадан. Гьелъулъ нилъеда йихьула кавказалъул жакъасей чIужугIадан. Гьеб кинабго загьирлъула ретIа-къаялъулъги, йикIа-яхъиналъулъги, хьвада-чIвадиялъулъги. ЗахIматаб жо бугодай гьеб абураб суалалъе жавабги бигьаго щолеб батиларо. ГIумруялъул тIалабазда рекъон рукIа-рахъине лъаялъ, заманаялъ рачухъе ине бажарияль лъугьинабулеб батила магIарул чIужугIаданалъул къисмат камилаблъун ва бацIцIадаблъун. БатIалъи гьечIо кий гьей гIуниги: магIарухъ, гIатIиракьалда яги шагьаралда.**

**ГIумру гьабиялъул кинаб къагIида дуе бокьулеб абун гьикъани, Раисат ГIумаровна гIажаибго ялагьила. Гьелъ абила магIарулалъул сурат Халилбек Мусаевасул сураталда бугеб гIадинаб букIине кколилан. Ай берцинго ретIа-къараб, бихьун ракIалда хутIулеб, жиндилъ эбелалъулаб хинлъиги, рокьиги, сахавалъиги, кинабго лъикIаб щинаб бикьун кьезе хIадураб рекIел асарги бихьулеб.**

## ГIАДАТИЯЙ ДАГЪИСТАНИЯЙ

– ГIумру кигIанго хисарданиги, нилъер умумузул ракьги гIадаталги тезе бегьуларо, - ян абуна Раисат ГIумаровнаялъ, - кидаго рукIинеги ккола намус бацIцIадал ва ракI рагьараллъун. Гьелъулъ буго гIумрудул тIагIамги гIамалалъул бацIцIалъиги, гIадатазул кьучIги.

ЛъаратIа районалдаса Раисат ГIумаровна ГIабдулхIалимова

гьаюна МахIачхъалаялда, амма бидулъги гьаналъги гьей йиго тIадмагIарулай. Кир ругониги нилъер умумузул ракь кIочене бегьуларилан абуна Раисатица. ГIодор тезе бегьуларила гьезул лъикIал гIадаталги, кIочене бегьуларила умумузул гIакълабиги, гьез захIмат бихьун гьабураб магIишатги, бахIарчилъиялда цIунараб гIагараб ракьги. Гьеб кинабго ракIалда кквезе ва хадусел гIелазе тарихияб мисаллъун бихьизабизе ккола.

– Дица гIемер пикру гьабулеб жо буго киндай дагъистаниязул гьадинаб гъункиги гьудуллъиги бижараб, кисадай нилъер умумузе гьадинаб устарлъи – махщелал щварал, лъицадай гьел ругьун гьарулел рукIарал? Киндай дол рорхатал кьурабазда гьададинал щулиял минаби, сиял разе бажарараб, - ян абуна Раисат ГIумаровналъ.

## КИНАЛЪУЛГО КЬУЧI - ХЪИЗАН

Жиндирго хIакъалъулъ кьокьги гьабун, Раиса ГIумаровнаялъ гIемераб бицана гIагарлъиялъул хIакъалъулъ. Щиб лъалеб, гьедин букIине кколебги батилаян пикру гьабуна дицаги. Амма гьей магIарулалъул гIумрудул нух бихьизе рес щвана.

– Дун йиго офицерасул хъизаналдаса яс, - ян байбихьана гьелъ, - гьаюна жанисел аскаразул офицер ГIумар МуртазагIалиевич ва медсестра Загьрат МухIамадгIалиевна Туручевазул хъизаналда. Нижер руго кIиго вацги – МухIамад ва Расул, кIиго яцги – дунги ПатIиматги. Гьединлъидал нижер рокъоб ракIгъоларого кидаго букIунароан. Щивасда лъалаан тIаде кколеб ишги гьабизе кколеб хIалтIиги ва кинабго букIана гIадлуялда. Хасго кIудияб кIвар эбел-инсуца кьолаан цIалуде.

Байбихьудасаго, жеги школалда йикIаго Раисатил рокьи бижана батIи-батIиял хIукуматазул мацIаздехун. Гьениб гIажаиблъизе жоги гьечIо. Гьелъул имгIал ГIисаев МухIамад ХIамзатович вукIана ДГУялъул къватIисел мацIазул факультеталъул декан ва гьес хIаракат бахъулаан жиндирго предметалде гIагарлъиялъул лъималазулги рокьи бижизабизе, гьелъул кумекалдалъун къватIисеб дунял гьезие рагьизе, гьезул культура ва тарих лъазабизе.

– Дун цIализе лъугьана ДГУялъул къватIисел мацIазул факультеталъул немецгун ингилис мацIазул отделениялде, - ян абуна гьелъ, - ва киданиги Голубевас, гара-чIвариги гьабун, сагIталги кьун, гьей йосана хIалтIизе. Гьеб хIалтIи Раисатие рекIее гIуна, гьей гьений щулалъана ва заманалдасан лъикIай преподавательлъунги лъугьана. ХIалтIизе ккана къватIисел улкабаздаса студенталгунги, ругьунлъизе ккана гIолохъабазулгун мацI рекъезабиялъеги, медицинаяльулал предметазда рекъон гьезда текстал малълъизеги бигьаяб хIалтIи букIинчIо.

– Дица нахъа тана педагогическияб гIеялъул киналго болъаби, - ян абуна




гьелдаса ракIги бухIичIо. Анищ букIана кутакай таржумачIужулъун яхъинеги. Бокьун букIана къватIисел улкаби рихьизе, гьений хIалтIизе, гIадамалги дунялги лъазе. Амма эбел-инсуца йиччачIо киениги: «Росасе ун хадуб дуе бокьараб гьабе» - ян абуна гьез.

Цо нухалъ Раисатида «Дагъправдаялда» батана ДГМИ ялда къватIисел мацIалъул мугIалимзабазул конкурс букIине бугилан абураб лъазаби. Доб заманалда ДГМИ ялъул вукIарав ректор Аркадий

Раисат ГIумаровналъ. – Республикаялъул бищунго кIвар бугеб медучреждениялда хIалтIи гIезегIанго тIалабалги цIикIкIараб даражаги гIезе къваригIунеб иш буго. Гьединлъидал гIемерай хIалтIизе ккана дидаго тIад, жигаралда гIахьаллъана гIелмиял цIех-рехазда. Дун йохарай йиго дир гIелмияв нухмалъулевлъун, киналго рахъазул лъайги, кIудияб хIалбихьиги, бичIчIиги бугев ва машгьурав гIалимчи ХIайдаров Ражидин Идаятович вукIиналдаса. Гьев ккола гьунар бугев ва цIаррагIарав гIалимчи.

## «ГIЕЛМИЯБ ДРАМАТУРГИЯ»

– Диссертация хъвалаго гIезегIанаб захIмалъи бихьана, - абун мукIурлъана Раисат ГIумаровна, - тема букIана кIвар бугеб - «Развитие и становление аварской терминологии» абураб.

Хадуб гIалимчIужуялъе щвана доценталъул цIар, гIемерал соназ гьелъ нухмалъана кафедраялъул цIалулаб часталъе. Гьениб гьоркьоса кьотIичIого борхизабизе кколаан жиндирго профессионалияб даража ва гьедин гьелъ жийго йихьизаюна кафедраялъе нухмалъи гьабизе бажарулейлъунги. МацIал лъазарулей гIалимчIужу ва кафедралъе нухмалъулей хIисабалда, Раисат ГIумаровналъ, жиндаго цадахъ хIалтIулелгун ва студенталгун цадахъ, гIахьаллъи гьабуна, медицинаялъул тематикаялда, къватIисел мацIазда тIоритIулел, халкъазда гьоркьосел, регионалиял ва вузазда гьоркьосел конференциязда.

ГьираялдA бицуна гьелъ студентазул, ингилис ва латыназул мацIалда хIалтIулел гIелмиялгун цIех-рехазул кружоказул хIакъалъулъги, гьез батIи-батIиял олимпиадабазда росулел бергьенлъабазулги. Раисат ГIумаровна жийгоги хIалтIула гIелмуялда тIад, гьелъул буго нусгогIанасеб гIелмияб хIалтIи, учебникал, студентазе хъварал цIалулгун методикиял пособиял.

– Гьеле гьединаб цадахъаб «гIелмияб драматургиялъ», - ян абуна Раисатица, - кумек гьабулеб буго лъайкьеялъул рахъ цебетIезабизе, студентал цIех-рехалъул хIаракатчилъиялде гьоркьоре цIазе, гIелмияб литератураялде гъорлъе ккезаризе. ЗахIматаб хIал лъугьун буго гIелмуялъул, дагьал гурони ратуларо гьелъул мурадги хIажалъиги лъалел ва лъазе къваригIаралги. – Студентазда бичIчIизабизеги захIматаб жо буго гьеб, - ян мукIурлъана Раисат ГIумараовна, - студентаз хIалицаго гIадин лъазарула къватIисел ва латын мацIал. Гьел лъараб мехалда гурони унго – унгоял тохтуралги рукIунаро. Латыназулгун греказул мацIалда терминология бичIчIулеб гьечIони, гьез цIалул планги тIубаларо хIалтIизеги бажаруларо.

Кафедраялъул коллективин абуни ккола гIелмияб сообщество, - ян абуна Раисат ГIумаровнаялъ. – Гьениб хIадур гьабула нилъер заманалъул лъайкьеялъул иш цебетIезабиялъе методика. Диеги дида цадахъ хIалтIулезеги кIвар бугеб ишлъун ккола цIияб щинаб лъазаби ва гьеб студентазе кье.

## НИЖ РОС-ЛЪАДИ ВА ГЬЕДИНГО ГЬАЛМАГЪЗАБИГИ...

– Дихъа кинабго бигьаго ва лъикI лъугьунеб бугилан нужеда ракIалде ккун батани, гьеб битIараб гьечIилан бичIчIизабизеги бокьун буго, - абун жиндирго пикру загьир гьабуна Раисат ГIумаровналъ. – Рагьила гьадинаб балъголъиги: дица къо байбихьула ТIадегIанав Алагьасе щукругун ва ракIалде ккола гIадамазде бугеб рокьиялъ кьолеб батилин дие къуватги, сабруги гьирагийилан.

Балагьараб мехалда Разият ГIумаровнаялъул гIемераб буго хIалтIи, хIажалъулеб буго заманги. Нухмалъулейлъун хIалтIудаги, лъадилъун ва эбеллъун рокъойги йикIине бигьаяб жоги гуро. Гьелъул буго щулияб хъизан ва гъункараб гIагарлъи. Дица гьелда гьикъана дагъистаниязул хъизан абураб жо кинин гьелда бичIчIулеб абун.

– Дунги гьайидал дагъистаниязул гIадатияб хъизаналда, - ян абуна гьелъ. – Дирго хъизанги гьабуна ва гIуцIана нилъерго гIадатазда рекъон. Гьел гIадатазулъ буго дагъистаналда хъизаназул щулалъиги. ГIадаталин абуни ккола кIудиязухъ гIенекки, тухумалъул къимат гьаби, хъизаналъул къадру цIуни. Гьединал лъикIал гIадатаз кумек гьабула хъизаналъул гьансито цIунизе...

Бокьарай дагъистаниялъего гIадин Раисатиегиги хъизан буго киналъулго байбихьи, къучI. Гьелъ ракIалде щвезабуна жиндир рос Давуд МухIамадович ГIабдулхIалимов жинда хадув чIчIун вукIараб куц. Гьевги ккола къватIисел пачалихъазул мацIазул специалист – лингвист.

– Ниж цоцазда лъана жеги студентал ругеб заманалда, - ян бицана Раисат ГIумаровналъ, - ригьнаде хадур руссана. – Университетги лъугIизабун МухIамад хIалтIана МахIачхъалаялда СПТУ – 9 училищеялда. Хадуб гIумруялда ккарал хиса-басияз гьев вачана МВДялъул хIалтIуде.

ВукIана МахIачхъалаялъул ТIоцебесеб полкалъул командирлъун, гьанже гьев ккола хъулухъалдаса гIодов чIарав полковник ва хъизаналъул мугъчIвалеб хIуби.

– Ниж ракI журарал рос-лъадиги ва дагьалги ракIал гIагарал гьалмагъзабиги, - ян гьимулаго бицана Раисатица. Нижер йиго кIиго яс. КIудияй Джамиля ккола врач-дерматолог. Гьелъул рос Камилги жанисел ишазул хъулухъчи вуго. ГьитIинай Парида – врач-кардиолог ва гьелъул рос Шамил хIалтIула транспорталда. Росги дунги божула нижер ясазулги гIумру рокъоб щвараб тартибалда рекъон ине букIиналда.

– Тарих гьабула гIадамаз, - ян абуна Раисат ГIумаровналъ. – Щибаб заман батIа гьабула социалиябги политикиябги ахIвал-хIалаз. БичIчIизе ккола заманалда рекъон рукIине кколеллъиги. Гьединго кIочене бегьуларо ВатIан хиси гьечIеб букIин ва гьеб цIунизе кколеблъиги.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# ПРОФЕССИЯЛЪ ГУРЕЛГИ ГЬАРУЛА ГІАГАР

Жиндир заманалда РГВК каналалда «МугІрузул улка» абураб передача гьабулаан Гулера Камиловалъ. Гьенир гІахьаллъулаан жидерго бихьиги бичІчІиги бугел ва иш лъалел гІадамал: машгьурал гІалимзаби, культураялъул хІаракатчагІи. Передачаялда бицунаан нилъер мацІалги гІадаталги, культураги цІуниялъул бугеб кІвараллъул ва мурадалъул. Журналисталъ передача гІуцІулеб букІана бажарун, лъикІаб хІасилгун. Гьелъухъ гІенеккизе ва ралагьизе гьираги букІунаан.

Гьаб рагІул буго хассаб магІна. Журналистикаялъул хІакъалъулъ бицунелъул гьелъ гІагарги гьарула ва гьелъул магІна ккола ниж цІакъго релълъарал рукІин. Гьеб гьоркьоблъи журналистикаялдасаги щулияб бухьен букІинги гІицІго нижеда гурони бичІчІулеб батиларо. Гьениб буго ишалъе ритІухълъиги, жиндирго балагьи ва бихьи букІинги. Гьеб киналдаго бараб букІуна жамгІияталъе щолеб информация ва гІаммазулго бичІчІиги. ГьитІинабги цо гьересиялъ яги хІужа гьечІеб хабаралъ ракІ бичІизабула передачаялдасаги, газет-журналаздасаги, телеканалаздасаги.

Гулера Камилова ккола Дагъистаналъул журналистикаялъул бищун къиматал хІалтІухъабаздаса цояй. ГІицІго гьей режиссер, педагог, сценарист йикІиналъулъги гуро бугеб иш. Гьей ккола махщел камилай, хІалтІи лъалей ва гІураб хІалбихьи щварай профессионал. Жиндаго релълъараллъун куцалел руго гьелъ хадур гІун рачІунел журналистал – телевизионщикалги. Бокьараб жанралда хІалтІизе бажарула гьелда. ГІемерал щвана гьелъие тІадегІанал шапакъаталги. гьединго «ЛъикІал гІадамазул гІумру» абураб циклалдаса фильмазухъ гьелъие кьуна республикаялъул пачалихъалъулаб премия, миллияб премия «Шарвили» ва щвана лъабго диплом.

Гулера йиго гІелаз гІелазухъе кьун цІубараб махщалил журналист. Гьелъул эмен Айдунбек Камиловги вукІана лъикІав журналист. ТІолабго гІумру кьуна гьесги бокьулеб ишалъе, хъвана сценариял, макъалаби, очеркал, кучІдул. Гьединго гьесул букІана берцинаб гьаракьги. Айдунбекил кучІдул цІунун руго Дагърадиоялъул фондалда. Эбел Умуятица школалда математика малъулаан. Абизе бегьула Гулера творчествоялъулаб хъизаналда гІунилан. Инсуца гьей гІемер ячунаан жинда цадахъ радиоялде. Гьединлъидал журналистазул сверухълъи гьелъие гьитІингоялдаса лъалеблъун букІана. Гьелъ бижизабун батизе ккола профессиялдехун рокьиги.



Эбел-инсуца ясалъе квал-квал гьабулароан сундулъго. Гьукъулароан суратал рахъизе, макънал хъвазе. Гьелъги байбихьуда тIаса бищана МахIачхъалаялъул Джемалил цIаралда бугеб училищеялъул «оформление, дизайн» отделение. Гьеб лъугIизабун хадуй Гулера, росгун цадахъ, ккана Волгоград областалде ва гьенир, централдаса рикIкIадаб росулъ, гьелъ байбихьул классазул лъимал сурат бахъизе ругьун гьарулел рукIана. Гьанжеги рачIуна хирияй учительница Гулерахъе дораса лъималазул кагътал.

## ЦIИЯБ ИШ

ЦохIо профессиялда гIей гьабуларей, гIемераб жо лъазе хIаракат бахъулей Гулерал гIумруги буго цIи-цIиял рахъазда жиндирго хIалбихьулеб ва гьелъ гIемерал хиса-басиялги ккезарула. Гьединал цIакъго жигарал гIадамазе хасиятаб жо буго хIалтIаби хисиги. Гьедин, ДГУялъул ГIелмияб библиотекалда, эстетикияб тарбия кьеялъул Централдаги хIалтIана Гулера. Ва кий хIалтIаниги, гьелъ гьираялда гьарулаан экспозициял, жиндирго махщел камиллъизабиялда тIад хIалтIи кидаго гIодоб толароан, хIалбихьи щвезе ресал ратулаан ва гьелъул хIакъалъулъ бицунаан.

Хадуй Гулера цIализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде. Гьелъул дипломалъулаб хIалтIи букIана «НекIсияб Дагъистаналъул квералъ хъварал памятникал» абураб, дагьайги тIадги хIалтIун кандидатлъиялъеги данде кколеб ва гьеб лъугьана Гулерае машгъуллъараб ишлъун. Гьедин гьваридго лъазабизе щвана гIагараб ракьалъул тарихги. ГIелмияв нухмалъулев, ДГУялъул библиотечнияб кафедралъул заведующий Казим ГIумаровас гьелъие лъикIаблъун бихьизабуна аспирантуралде лъугьине. Амма доб мехалда гьелъ жеги аслияб махщел тIаса бищун букIинчIо…

Гулерада ракIалде щолеб буго тIоцее телевидениялде, «Дагъистан» телерадиокампаниялъул генералияв директор МухIамад ХIамидовасухъе ячIараб кьо. «Эркенал бакIазде нижеца лъазабун букIараб конкурс лъугIана», - ян абуна гьес, Гулераца жиндир мурад загьир гьабидал, гьелъги абичIо жий ругьун гьайиялъе гьадинго хIалтIизеги хIадурай йигин. Амма рагIизабуна, эменго гIадин, журналистикаялда йикIине бокьун букIанилан. Инсул фамилия рехседал ХIамидовас абуна щиб букIаниги рес батилилан. Батизеги батана. Гулера ккана Людмила Погорельская, Елена Петросова, Юлия Мехтиева, ПатIимат ГIумарова гIадинал, хIалбихьи бугел телевидениялъул хIалтIухъабазухъе ва гьел лъугьана гьелъул насихIатчагIилъун. Гьединаб профессионалияб школалъ, макълатIисалъ гIадин, телевидениялъул лабараториялде жание цIана гьей, Гьений ругьунлъана гIадатияб гуреб хIалалъ ургъизе, бихьараб – рагIараб хIакъикъат къабул гьабизе. Гьедин гьелъул передачабиги лъугьана гIадамазе рокьулелллъун.

ГIолохъанай журналисталъул лъималазул студиялда хIадур гьарурал авторалъулал передачабиги ратIа рахъизе лъалаан, гьезухъ чIахIиялги ралагьулаан ва рещцулаан. Гьелъул абуни анищ букIана авторалъулал киноял рахъизе, заман бихьизабулел документалиял передачаби гьаризе. Гьедин ккезеги ккана. Амма гьанже гьелъул ракIбухIун буго дол лъималазе гьарулел рукIарал передачаби телевидениялдаса тIагIун иналъ. Мисалалъе, гьелъ цIалул пособиялъун рикIкIунаан ГТРКялъул архивалда цIунарал репортажал ва «ТОКС» алъул хIакъалъулъ передачаби.

## РГВК – БУКIАНА ХАДУБ

Доб заманалда РГВК букIана жеги гIолохъанаб, Гьарун Къурбановас гIуцIараб, цIияб телевидение. Гьелъие бокьана гьениб рагьараб миллиял мацIазул студиялда хIалтIизе. Гьелда бичIчIана цIияб телеканалалъул кIудияб букIинесеб бугеблъи ва ячIана Гьарун Къурбановасухъе. Гьелда ракIалдаго букIинчIо жий хIалтIуде йосейилан гьаризе. Гьесин абуни гьей ячIинахъего йосана «Дир гIумруялъул бищун лъикIал сонал» абураб художественнияб передачаялъул кIудияй редакторлъун. Гьелда доб лъикIаб заман гIемер ракIалде щола.

– Телевидениялда ккараб гьудуллъи щулияб букIуна, - ян бицана Гулераца. Художественнияб каналалъе нухмалъи гуребги, Гулера Камиловалъ гьенир хIадурулаан авторалъул проектал ва гьезул цояб букIана «ГIел» абураб. Гьеб кколаан гара-чIвари хIисабалда гIадамазул хIакъалъулъ очерказул цикл. Гьел рукIунаан цIаррагIарал, машгьурал, къадруял гIадамал: Халкъияй кочIохъан Муи ХIасанова, лъелъ букъулеб гамил капитан, СССРалъул БахIарчи МухIамад ХIажиевасул вац Альберт ХIажиев, Дагъистаналъул симфоджаз – оркестралъул нухмалъулев МухIамад Абакаров,

машгьурай ювелир Манаба, цIаррагIарав скульптор Гейбат Гейбатов, вокалистка Исбат БатIалбекова, кечI бокьулез жинда булбулин абулей Рагимат ХIажиева ва цогидалги пагьму – гьунаралъул гIадамал!

## ПРОФЕССИЯЛЪ НИЛЪ РАЛАГЬУЛА

Гулерада ракIалде щвана, цо нухалда Дагъистаналде вачIарав режиссер, сценарист ва педагог Л. Рыжовас, мастер – классазда жигарго гIахьаллъулей журналистка хIисабалда, жинде кьураб кIвар. Гьеб букIана республикаялъул Минкультуралъ Санкт – Петербургалъул телевидениялъул бизнесалъул ва дизайналъул институталде цIализе ритIизе специалистал тIаса рищулеб заман. Гьедин ккана Гулера Камилова телевидениялъул тIадегIанаб школалде. Заманалдасан раккана гьелъ гIуцIарал цIиял ва лъикI къабул гьарурал проектал: «Кьалбал ва гIаркьелал», «Искусствоялъул галлерея», «Машгьурал гIадамазул гIумру» ва



хасго лъикI лъугьун букIараб «ЗОВ» (зона особого внимания) абураб экологияб кино. 2015 соналъ гьей яхъана, Ставрополалда тIобитIараб «Цадахъ лъугьун бергьана» абураб Халкъазда гьоркьосеб, телевизиониял документалистазул конкурсалъул лауреатлъун. Гьениб, «Ахтыялъул хъала» абураб номинациялда, дагъистаналдаса журналисталъе щвана тIоцебесеб степеналъул диплом. Абизе бегьула гьелдаса хадуй Гулера Камилова РГВКялъул гьумерлъунги кканилан. Амма жийго гьей киданиги лъугьунаро цIаралдаги реццалдаги хадуй, букIунаро гьелъул гIамалкIодолъи, чIухIи. Эркенаб заман кидаго гьелъ кьола хIалтIуе…

Заманалдаса РГВКаялъул нухмалъулез гьелда тIадкъана гара-чIвариязул цикл гьабизе. ХIажат букIана миллияб прессалъул бугеб хIалалъул суал борхизе. Гьеб мехалда баккана «МугIрузул улка» студия ва гьенир гьоркьор лъолаан кIвар бугел суалал. КIалъазарулаан изданиязул редакторал, мацIазул гIалимзаби, хIалбихьи бугел педагогал. Гьедин лъазабулаан рахьдал мацIалдехун ва гьеб цIуниялдехун бугеб балагьиги гьелъул кIварги. Ургъизе тIамулаан гьезул букIинеселда тIад.

– Нижеца хабаралъе ахIулел рукIана тарихалда жаниб рахьдал мацIазул бугеб кIудияб кIвар бичIчIулел гIалимзаби ва гьез бицунаан кинаб рахъалдехун цебетIей букIине бегьулеб, щиб гьелъие къваригIунеб. Дица гьеб передачалъе хассаб студияги гьабун букIана, - ян абуна Гулера Айдунбековналъ, - гьелъие ахIун вукIана дагъистаналъул лъикIав художник ТIагьир Гъапуров ва гьес, жидерго цIалдохъабиги кумекалъе рачун, гIуцIун букIана мацIазул «миллияб галерея».

Щибаб нухалда цIи-цIиял ишазде тIаделъаниги, рекIелъ педагоглъун хутIарай Гулераца, ахиралда хIукму гьабуна, Анжела Байрамбековалъ нухмалъи гьабулеб, Каспийскалда бугеб республикаялъулаб лъайкьеялъул централда хIалтIизе. Гьенибги гьелда батана жиндирго бакI, гьираялда хIалтIулей йиго лъималгун.

– Дица гIуцIун буго гIисинал журналистазул школа, - абун бицана Гулераца. – «Росток» студиялда дица лъимал ругьун гьарулел рукIана жалго творческияб къагIидалъ ургъизе, сценарияль хъвазе ва лъезе. Гьелъул хIасиллъун ккана нижеца гьабураб «Дир гIагараб Каспийск» документалияб фильм ва лъималаз бахъараб къокъаб метражалъул ролик. Гьениб бицунеб буго кинаб хьвада-чIвади букIине кколеб къотIнобги, гьоболлъухъги, гIадамазда гьорлъгияли.

Педагогалда цадахъ лъугьун ростокалъулаз рорхулаан тIабигIат цIуниялъул, лъималазе тарбия кьеялъул, гьудуллъи цIуниялъул суалалги. Гьезул хIалтIабазе кIиго нухалда республикаялъул телевизиониял конкурсазда «Серебряная вилка» и «Золотая лоза» абурал дирломалги щвана.

## МУЗЕЙ – ДИР ТАРИХ…

Унгоги хIикматай гIадан йиго Гулера! Киса гьелъие гьебгощинаб жигарги къуватги щолебали лъазе захIмалъула. Космосалде йоржинеги хIадурай гIадин йикIунин мунилан абидал гьей елъана:

– ХIакъикъаталдаги дун йиго машгъуллъун кколей гIадан ва дидаго рагIула жаниб хIалтIулеб гьитIинаб мотор букIин. Гьеб сверула ва цIи-цIиял асаралги къасдалги раккула, цIиял проектал цере рачIуна. Гьединаб батила инсанасул тIабигIатги. Лъалищ, - ян абуна гьелъ, - гьабулеб жо гьечIони дида дирго чIаголъи сунеб бугилан ккола ва гьелдаса хIинкъула.

Гулера Камиловагун гара-чIварулелъун нильго лъугьуна цо гIажаибаб дунялалде ккарал гIадин. Дица гьелда гьикъана жакъа щибин Гулера Камиловалъул гIумруялда кколеб бугеб абун? Гьанже гьей йиго «Россия – дир тарих» абураб музеялъул культуриябгун лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулейлъунги. ХIалтIи буго гьелда лъалеб, гьелъие бокьулеб, творчествоялъулаб. Гьенир руго цIиял ишал, лъала цIиял гIадамал, гIолохъанав ва бажари бугев нухмалъулев Т. Велиханов, лъикIаб коллектив. Гьединаб коллективгун хIалтIизе Гулерадаги лъала. Гьелъ гьенир гьарула творческиял вечерал, тIоритIула календаралъулал тадбирал, ахIула машгьурал гIадамал, гIуцIула экскурсиял.

***ГIумру гьалдолеб буго. Гьедин гурони журналист Гулера Камиловалъухъа бажаруларо.***

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**

# БАХIАРЧИ



**РакIбацIцIадго ВатIаналда цебе жидер борч тIубарал бахIарзазул цIарал кьезе руго школазеги къватIазеги. Гьедин гьабизе ккола яхI-намус бичичIел ва дунялалада ракълие гIоло гIумруялда барахщичIел рагъухъабазул цIарал киданиги кIоченчIого рукIине. Заманаялъ кинабго жиндир бакIалда лъела ва нилъ ритIарал рукIин киназдаго бичIчIила. «Вечерняя Москва» газеталъул корреспондент Дагъистаналда дандчIвана, офицерасул тIадегIанаб цIаралъул гIаламатлъун лъугьарав, Россиялъул БахIарчи НурмухIамад ХIажимухIамадовасул эбел-эменгун ва гIагарлъигун.**

МахIачхъалаялда 2I марталъ, Украинаялда чIварав офицер НурмухIамад ХIажимухIамадовасул хъизаналъухъе кьуна гьесул шапакъат – Россиялъул БахIарчиясул ЦIва.

БахIарчилъиялъухъ ва хIинкъи гьечIолъиялъухъ гьеб шапакъаталъе гьев вихьизавуна хвалдаса хадув. ЦIва кьезе Дагъистаналде вачIун вукIана Россиялъул оборонаялъул замминистр Юнус-Бек Евкуров.

…Ахирисеб рагъ букIана цIакъ кутакаб, тушманасул къуват цIакъ цIикIкIараб. Тушбабаз жидерго гIадамал рукIана цере ккун, чIагояб къолденлъун. Гьезда нахъасан речIчIулеб букIана цIоб тун. Нилъер рагъулаб машинаялда цIа рекIана. Гьав, къватIивеги кIанцIун, цояб рахъалде векерана ва кьвагьулебги букIана данде, тушбабазул кIвар жиндехунго буссинабизе. Гьеб заманаялъ гьасул десантникал сверда сверун оборона ккун чIана. Гьас кьвагьулеб букIана ахирисеб гулла хутIизегIан...

Щиб букIараб гьасул ракIалда гьеб хIукму къотIулеб лахIзаталъ? ЦIадирабазул цояб рахъалда гьасул берцинаб дунял – беричал мугIрул, хъахIилаб ралъад, рукъ, хирияй эбел, эмен, йокьулей чIужуялда кодой гьитIинай дадал яс, гьудулзаби… Цогидаб рахъалда…

Цогидаб рахъалда букIана чIаго хутIизе рес. Хилиплъун. Гьаялдаса инкар гьабун, гурхIел

гьарун букIарабани, хвасарлъизеги бегьулаан. Амма гьединаб нух гьес жиндиего тун букIинчIо. Гьес хIукму цебего гьабун букIана. Ва бахъана къватIибе граната.

МахIачхъала – ралъадги ганчIалги. Ралъад ганчIазда кьабгIолеб буго, гIодилеб бугеб гIадин. ГанчIал руцIцIун чIун руго. Цо-цо радалалдехун щобил къатIраби раккула тIад ва бакъ баккигун тIагIуна.

ХIажимухIамадов Энгельсил гьумер, рукIкIалабаз басун, ганчIил бугин кколеб буго. Гьесул мугъалда нахъа васасул сурат, телефоналда лъугIел гьечIел видеороликал, кинабго Россиялдаса Нурикил гьудулзабаз ритIун рачIунел. КIалъалевги вуго Энгельс къокъго, сабурго ва къвакIун. Живгоги офицер – рагIиги офицерасул.

- Бицина нужее жеги лъиего бицинчIеб. Гьеб букIана Нурик Сириялда хъулухъ гьабулев вугеб заман. Гьениса вуссингун гьес абуна: «Дада, дун киданиги пленалъ ккезе чIезе гьечIо. Хвелго лъикI, накабазда чIеялдаса. Ахирисеб патрон кидаго тезе буго диего», - йилан. Инжитлъи хIакъирлъиялде дов киданиги ине вукIинчIо. Гьединлъидал гьединги ккана.

24 февралалъул сардилъ дун гъапуллъун вукIана, рагIана, катил лъаларо, лъимадул лъаларо, гьаракь. ЛъикIго гIенеккидал рагIана: «Дада, дада, кумек гьабе!» - йилан ахIулеб. Нижер мацIалда дада – «буттай, буттай». Азбаралде ваккана, гьечIо щивго. Вегана, цIидасан гъапуллъулев вукIана – гьанжеги добго гьаракь. Кавуги рагьун къватIивехун вилълъана – гьенивги щивго гьечIо. Макьуги тIурун, столада нахъа гIодов чIун вукIана. Щугоги тIубан анцIила щуго минут индал, телефоналъул гьаракь: «Энгельс, къвакIун чIа. Дур вас чIвана. БахIарчилъун хвана»…

- Училищеялдаса хадуб, - илан бицана Энгельс МухIамадовичас, - НурмухIамадил Сириялде кIиго командировка букIана. Гьесие гIицIго 22 сон букIана. Кескал речIун щвараб ругъунгун, Сириялъул президентасул Баркалаялъул кагъатгун ва рагъулал шапакъаталгун вуссана. Циндаго кIудияв гIуна вас. Гъурмалъангицин хисана, бичIчIи бугевлъун лъугьана. МахIачхъалаялда гьудулзабигун дандчIвайдалги бичIчIана гьесда живго гьездаса кIудияв гIун вукIин.

НурмухIамадихъе «жиндирго» рота щведал, гьев цин рекIекълъун вукIана, васал рукIана загIипал, гIадлу гьечIел, пахрулъи бугел. Амма ичIго моцIидасан гьеб рота рикIкIана Россиялъул ВДВялда бищун лъикIаб роталъун. Гьесда бажарана киналго цолъизаризе. Киналго лъикIал васал ратана.

- Гьес гьел цолъизаруна ва Украинаялде ритIулел рукIин лъарабго абуна «БачIун буго приказ. РекIее гIолареб жо батани – гьанибго абе. Дора нилъ цадахъ гъункун рукIине ккола!» - йилан. Цонигияв нахъе инчIо.

… НурмухIамадил эбел-инсул хъизан хеккого биххана. БукIуна гьединги. Сапижатихъе кьогIаб хабар бачIана вац Маликица. «Мун чIухIизе бегьула, яц, унго-унгояв бихьинчи гIезавун вуго дуца…» - йилан абуна гьес яцалда. Сапижатил дунял биххун ана гьеб бакIалда. ГIадада букIун гьечIо ракI унтилеб…

Сапижатил рокъобе нуцIа буго рагьун – гIадат. Унел рачIунел руго гIадамал. Дагъистаналда рохелги къварилъиги гIахьал гьабула. ТIеренай, чIурканай, гIажаибго берцинай Сапижат йиго куркьбал гъурараб чIегIераб хIанчIида релъун. ТIину гьечIел хIоразда релълъун кIиябго берги буго, бухIиги унтиги гурони жаниб бихьуларел? Гьелда лъалаан жиндирго вас. Кутакалда вокьулаан. Гьесиеги эбел йикIана цIакъ хирияй.

- Дида кколеб буго гьабсагIат йорчIилин ва гьаб макьу батилилан – щурулеб буго гьелъул ракъварал кIутIбуз. Щив вукIарав дие Нурик? Берзул канлъи, каранзул ракI, кинабго дунял…

КIиго вас гIезавизе, Нурикги ГIабдулаги (цогидав инсуе гьавурав), Сапижатие бигьаго букIинчIо. ХIалтIизе ккана кIиго, цо-цо мехалъ, лъабгоги хIалтIуда. Цудунго эбел-эмен гьечIого хутIарал вацал ва яцал Мазаевал кидаго гъункарал, цоцазе хIалае ратулел рукIана. Нурик вукIана киназулго бищун вокьулевлъунги.

- Дица гьев хеккого кьуна школалде. Анлъго сонцин букIинчIо. Дие гьедин бигьа букIана, дунголъидал байбихьул клаасазул мугIалимги, - йилан бицана Сапижатица. – ГьитIинав вукIагоцин биччалароан гьес дихъе тетрадал раччизе, жинцаго росулаан. Кинабго жинцаго гьабулаан. Вац ясли-ахалдаса вачинеги унаан, рокъоб къваригIарабги гьабулаан. РакIалда буго, цо нухалъ вачIана жив ВДВ ялде ине вугилан. Гьедин



батанийилан абуна дица дагьавги жигаралда дудаго тIад хIалтIизеги цIалдезеги кколилан. ХIаракат бахъулаан, экзаменалги лъикI кьуна. Киназегоги вокьулаан.

Гьудулзабийин абуни… Училищеялдаса живго рокъове вачIунароан гьев, гьудулзаби рачун вачIунаан. Гьаб нилъер Дагъистаналъул берцинлъи бихьизабизе кколила киназдагойилан, - чIарбил цо бакIалдеги ялагьун юцIцIун чIана эбел ва загIипаб гьаракьалъ нахъойги байбихьана:

- Баба, гьанже нилъер кинабго лъикI букIине буго, гьанже гьабила нилъеца унго-унгояб гIумру! Дица гьабила кинабго, дуе щибго къваригIараб жо тезе гьечIо дица…»

Контракт лъугIизе хутIун букIана лъабго моцI. Гьесул рес букIана контракт цIигьабизе, спорталде ине яги жиндие бокьараб гьабулев вукIине. Щаялиго, гьенивго чIезе вукIун ватилин кколеб буго…

Гъоркьисала I4 марталъ бертинги гьабун, НурмухIамадие ячана Мадина. РукIарал щинал планал, къасдал… Лъимал рокьун рукIана гьесие цIакъго.

- Мадинаца лъимер гьабизе заман гIагарлъулаго кIалъана дихъе: «Баба, мун Мадинада аскIой йикIина гури? Воре дой жийго тоге», - йилан. Гьале гьаюна яс - Теймия.

Ясе кодой кквезегIан НурмухIамад хутIичIо, кьижарай ясалъул суратальухъги валагьун бадиб рохалил магIу ххули гуреб. Мадинагун цадахъ вукIинецин рес букIинчIо гьесул, лъугIиго гьечIел командировкаби рукIана офицерасул. Гьабнухалъ унагоги, гьев божулев вукIана жиндирго ясазухъе рокъове тIадвуссиналда.

Амма цин захIматаб бихьиназул хъулухъ тIубазе кколеб букIана. Гьесиеги цIакъ бокьун букIана дунялалада рекъел букIине.

- ГIолохъанав вукIанги гIакъилав вас вукIана дир. Дун гьесухъ гIенеккулаан. КIиго лъабго сагIаталъги рукIунаан ниж хабар-кIалалда. 25 гурони сон букIинчIониги, гьев унго-унгояв хъизаналъул бетIер вукIана. РакIичIун лъала гьев Мадинае лъикIав рослъунги ясалъе лъикIав эменлъинги вукIине вукIиналда. Дун чIухIула васасдаса. Амма дие вас камуна… Я Аллагь цониги эбелалда бихьугеги ва хIехьезе ккогеги дида бихьараб. Рагъул балагь тIаса аги…

Гьединаб бакIалда кинал рагIаби абилебалицин лъаларо. Гьединлъидал руцIцIун чIунги хутIула. РакIалдещвеял… Гьале Нурик спортзалалда – гIодов чIун хIухьбахъи гьабулаго цIалулеб буго Расул ХIамазатовасул кечI. Васалги руго свакан тренировкабаздаса хадур. Гьас абулеб буго – гьабсагIат дица нужее кечI цIалила, бихьила бигьалъулеб куцилан. Гьесие цIакъ бокьулаан адабият, цIалулаан кучIдул, жинцаго хIалбихьулаан хъвазе – гIумрудул магIнаялъул, къисматалъул хIакъалъулъ.

- Ниж ахирал соназ эменги васги гIадин гурел, гьудулзаби гIадин рукIунаан – илан бицана эмен Энгельсица. – Дада, кисан дуда гьеб кинабго лъалеб, илан гьикъулаан васас. Дица абулаан: - Дица гIемераб жо цIалана, гIемераб бихьана. Мун жеги нухлул байбихьуда вуго. ГIемераб бихьарав, гIемерал гьудулзаби камурав чи вуго дун.

Гьале херлъулевги вуго, Нурик вугелъул дир мугъ чIвазейилан вукIана, тухумалъул гIолел васал гьесда тIад къазе къасдазда. Хъван букIун гьечIоха.

Гьеле дуца гьикъулеб буго кин гьадинал васал гIезарулелилан. Дир инсуца абулаан умумузул бидулъанго кьолин наслабазе гIамал-хасиятилан. БитIарабги буго. Нурикие цIакъ бокьулаан ВатIан, Дагъистан, Россия. ГIумру бокьулаан. Цо сирийцасда малъун букIана гьес лак мацIалъ кIалъазе. Гьанже гьев вас вуго дунялалъул рагIалалдаса дихъе кIалъалев ва нижер мацIалда зигара балев. Щибха гьабилеб, киналго нилъ хвезе рижараллъидал…

Нурик цIалулев вукIараб школалда гьесул сураталда гъоркь тIугьдузул гохI буго. МагIарухъ ральдал гьумералдаса 2000 метралъ борхалъуда НурмухIамад вукъараб Кани росулъ гIолеб буго I87 гьветI, гьесул инсуца КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул цIаралда чIарал. Гьенибго мемориалги рагьун букIана гьес. РакIалдего ккун букIинчIо Энгельсида кватIичIого вас вукъизе гьениве тIадвуссине.

Сонал ина. ГIела махил рохь, рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезе. Гьездаго цадахъ НурмухIамадги.

**Ольга КУЛЬМИНА**
2I март 2022 сон. Къокъ гьабураб.





**Дагъистаналъул Халкъияй шагIир ва маданияталъул МустахIикъай хIалтIухъан Сабигат МухIамадова гьаюна 1962 соналъ ЦIумада районалъул Инхокъвари росулъ. Гьелъул рукIуна гIадамал пикру гьабизе тIамулел, гIумруялъул магIна балагьулел, гъваридал кучIдул. «МагIарулай» журналалъ ракI-ракIалъ баркулеб буго Сабигатида юбилей. Гьарулеб буго чорхое сахлъи**

Сабигат МУХIАМАДОВА

## БАРКАЛА, ЭБЕЛ

Кинал нухал дица ккуниги, эбел,
Киналго дир нухал унаан духъе.
Дур хIеренал квераз бухьунеб кунлъун,
Ккун рукIана къоял, тIезе течIого.

Баркала, дир эбел, хIеренлъиялъухъ,
ХIеренай, хIажатай, аскIой йикIарай.
Дуде регIичIин дун, тIаса лъугьа мун,
Мун кIочон тараб къо къачIин аскIобе.

* * *

Эбел йиго, мугIрул ракIалдеги щун,
ГIолохъанлъиялъул накIкIулъе рештIун,
Гьале, ясалгун гьай берталъ кьурдулей,
Гъежда гIеретIги бан лъадае уней.

Иццул лъим киниги бацIцIадаб ракIгун,
ГIумрудул авалаб гIужда яхъун чIун.
Йиго гьай, дол мугIрул ракIалдеги щун,
ГIатIилъуда ругел нижехъ ялагьун.

## ЭМЕН

Дир чIухIарав эмен, чIухIун хьвадана
Мун гьаб дунялалда ватиялдаса.
Мун къадру борхатав хирияв дада,
РитIухъаб гурони, рагIи духъ гьечIо.

Дуца умумузул рукъзал цIунана,
Дурго наслабазе къадал рорхана,
Дурго гIакълу - лъаялъ битIараб нухда
Дунги цогидалги рачана дуца.

Мун рукъалъул хIуби, ракIалъул хIалхьи,
Гьалбадерие мун - ракI кьолев инсан.
Мун гьечIеб цIадухъе ниж хинлъиларо,
Дур лъикIлъи нижеда кIочон теларо.

Баркала хирияв дур рокьиялъухъ,
РагIабаз бицинчIеб дур тIалабалъухъ.
Дур калам къотIараб къо бихьугеги,
Лъималазул рахъ ккун кIалъалев эмен.

Дур къимат гьабизе ниж кватIугеги,
Лъималазде ккараб борхулев дада.
Балагьазда цеве кьурулъун чIолев,
ТIанчIи цIунизелъун цIадай кIанцIулев.

## ИМАМ ШАМИЛ

ГIасрабазул гьатаз бахчизабичIеб,
Паркъолеб хутIана Шамилил хвалчен
ТIолго Кавказалъул яхIги намусги
Динул исламалъул къадруяб байрахъ.

МагIарул халкъалъул квакIи борцине,
Дур бицани гIола кIудияв имам;
Бищунго гвангъараб Кавказалъул цIва,
ЦIар Дагъистаналъул борхат ккурав цIум.

Халкъазул ракIазулъ бикIараб дур цIар,
ЦIилъун гуронани, тIерхьине гьечIо;
Шамил, жакъаги мун нижер цевехъан,
Имам, кидаго мун нижер багьадур.

Дин цIунун, халкъ цIунун, гьал мугIрул цIунун,
ЦIадулал рагъазда гIумру арав мун,
РахIманасул нухда халкъ тIобитIиялъ,
Даимлъиялдаго цIар щулалъарав.

ГIелмуялда гIамал рекъарав гIакъил,
Иман щулиясе мисаллъун вуго.
Имам Шамил, дур цIар борхалъи буго,
Кинаб къо щваниги магIарулазе.

АхIулгохI – борхалъи Дагъистаналъул,
Дур цIар дунялалда рагIизабураб.
Гьеб цIудул борхалъи, ганчIил кьураби,
Наслабазе дарслъун гIасрабаз тараб.

ТIадегIанасул гьеб хIукму батила,
Гъазаватлъун букIин тIолго дур гIумру;
КIудияв аскарал щущазарурав,
ЧанцIул лъукъаниги цевехун арав.

Имам, дур суратцин Дагъистаналъе
БахIарчилъиялъул нугIлъилъун буго.
МагIаруллъиялъул чIухIигун квакIи,
КъартI дур гIадаб лъачIо дуниялалда.



# Къуркълиса Щаза

Тумазул шагІир Щаза гьаюна 1875 соналъ гьанжесеб Лак районалъул Къуркъли росулъ. Халкъалда гьоркьоб гьелъул цІар машгьурлъана магІихъан, кочІохъан ва шагІир хІисабалда. Щазал роцІараб ва рагьараб гьаракьалъги, кочІол роцен цІунун херхарал рагІабазги гІенеккаразул ракІазе кутакаб асар гьабулеб букІун буго. Бицен буго, Гъазигъумекиб Щазаца кечІ ахІулеб бугони, гІурул добцояб рахъалда бугеб росдал агьлу гьелъухъ гІенеккулаанилан.
Къваридаб ккана хІасратай кочІохъаналъул ва пасихІай шагІиралъул къисмат. Гьелъул рокьи ккана бечедаб тухумалъул васасухъ. Бечедав вокьулес гьей махсароде ккуна ва ячинчІого тана. Гьей лъалез бицун, халкъалда гьоркьоб тІибитІун буго гьадинаб хабар: гІассилъиялъ чІвараб рокьухъ чІегІер бараб гІадин, Щазаца гІумруялъ тІаса бахъун гьечІо чІегІераб ретІел.

* * *

Зобал гъугъалеб гьаракь
КІкІалахъеги рагІула,
КІарчамаб гьорол сасги
Ссанабазда багъула.
Балагь-гІазаб захІмалъун,
Загьруял мацІаз лъукъун,
Къварид вугесул угьди
Лъидаго рагІуларо.

* * *

Дица угьараб хІухьел
Хьухьлъун ана зодихъе,
Роол моцІаз цІадги бан,
Дуй гьогьен гьабила гьез.
Дица тІураб магІуги
ГІурдатІе щублъун ккана,
Ихдал дуца ретІизе
ТІугьдул раккила гьенир.

* * *

Даим дуе ритІухъай
Лъадилъун лъугьун хадуй,
Хилиплъараб ххвел гьабун,
Валъаргъине анищ мун –
Дур чІегІерал беразул
ЧІор речІчІун дун лъукъизе,
Лъукъараб чанил гІадин,
РакІги дир сородизе.

* * *

Дие гьаб гІищкъуялъул
ГІазаб буго, дир гьудул,
Дудаса йичІугеян
ЧІун буго дир гьинал ракІ.
Дур чу кІутІулеб ссанда
Херлъун анищан ккола,
Чу кІутІизе вачІиндал,
Рокьул дардал рикьизе.

* * *

ГIицIал кьурабазде
ЦIад щайдай балеб?
Данде гьечIеб рокьи
Щайдай дир ккараб?

* * *

Нижехъе рачIунел гьал инсул гьалбал,
Гьангун чедги кванан, нахъруссун уна.
Васав, мун гьоболлъухъ вачIаралдаса,
Дуца керенги кун, квеш буго дие.

* * *

Дун лъиде йиссиней, лъикIав багьадур,
Лъидехун рикьилел дир рекIел дардал?
ЛъикIго йикIайилан тезейищ, хIасрат,
ХIангIарцул каранда квер лъун букIараб?
Дие мун вукIана гIидрадул тIегьлъун,
ТIогьол бахчаяли бакъвана гьанже.
Дие мун вукIана беролеб иццлъун,
Иццул лъим къун, гьанже къварид йиго дун.
МугIрул чанил гIадал чалухал берал,
ГIемерай гIодиялъ беццлъулел руго.
Баккараб бакъ гIадаб гвангъараб гьумер,
Гьараб тIамах гIадин, тIогьиллъун буго.
Нилъ ратIа гьаруна рацIцIун тIагIадаз,
ТIокIал рихьилилан хьулги лъоларо,
Вихьун хIал хьоларев хIасратав гьудул,
ХIехьезе кIвеларо мун гьечIеб гIумру.

* * *

Дие балагьалъе ккарав вокьулев,
Балай бергьунилан гIайиб чIваразда
Балагьиларилан абула дица,
РалъдатIа кьо базе бажаранани.
Дие рохелалалъе вижарав гьудул,
Духъ рокьи ккунилан гъвел гьабуразе,
Рокьи телин абун, гьедарула дун,
Бакъул нур гьукъизе гьезда кIванани.

* * *

Танчил гонгинибе гулла кинигин,
Каранда къан буго ургъалил гIомо.
Танчил гуллаяли кьвагьунги уна,
Карандаса ургъел унаро кинго.
Ихдал гьутIбузда гIекI бихъулеб гIадин,
Бихъун унеб буго ургьиб гьинал ракI.
ГIекI бихъун, гьутIбузда тIегьги бижула,
ТIасаго унаро рекIел къварилъи.

* * *

Вай, гьал гIадамазе гIарцул хиралъи,
ГIарцуца борцуна чиясул намус.
Чванта гIарцул цIураз абулеб буго,
Пахьул шагьи бугин бакъул гордоцин.

* * *

Я мун бакъги гурин, дун моцIги гурин,
КIалухъ рахъулел щай нилъ гIадамаца?
Зодихъе бакъгIанги янгъиз вуго мун,
Къаси моцI кинигин, янгъиз йиго дун.
Къоял унел руго инагьдилаго,
Анищаца хьихьун, хьулаз бечелъун.
Амма бакъги моцIги цолъананиги,
Нилъ данделъилилан божуларо ракI.

* * *

Багъдад шагьар гIадинаб
ГIагараб росуги тун,
ГIодилаго къокъана
КъватIий гъурай гъарим дун.
Дир рекIелъан угьараб
Гьелегьараб хIухьелалъ
ГIурччинхер тIогьиллъана
ТIолалго гьал нухазда.
Гьалагаб рокьи ккедал,
Каранда ругъун лъуна,
КучIдул ахIунин абун,
Инсуца ячахъана.

* * *

Ургъелаз керен бухIун,
ХIухьел къотIараб къоялъ
Къаданив гIодов чIезе
ГIадан гьечIей пакъир дун.
Къваридаб дир гIумрудул
ГIазабазул бакIлъиялъ
Мали бекун хутIила,
Хоб щвейги щакаб буго.

* * *

Чармил гурелъул лугби,
Чучиларищ рокьуе?
Рокьол гурелъул берал,
РецIцIиларищ хIасраталъ?
Рохелалъ мехтараца
КечI ахIи гIайиб гуро,
Дицани кечI ахIула,
Ургьиб ракI къварилъидал.

* * *

Елъа-йохун кепалда
Йигилан ккананиги,
Керен бухIун, лахI лъугьун,
Хьал хутIана гьанже дир.
Гьудулги дий хисана,
Дунгоги басралъана,
Бакъги дий къалъуларо,
Къаникь йигилан ккола.

МагIарул мацIалде руссинаруна
МухIамадкамил ГЬИМАТОВАС

# КЪО ККАРАЛЪУЙ ЯТУЛЕЙ

ХIикматаб хасияталъул гIадан йикIана дир эбелалъул эбел Аминат – Бежт1адерил къаг1идаялъ Аминайо. Гьелъул йикIана ункъо яц. Къисматалъ рахъ-рахъалде рикьана гьел: Аминат ва Узлипат – БежтIе, цояй яц – Кьадалие, цогидай – ХашархотIе ва лъабабилей – ЦIоралде. Аминайол гIумру ана «Ашкуваъ» абулеб колода.



Дагьалъ цее зигаралъе араб бакIалда дандчIварай цо гIаданалъ дир эбелалда гьикъана, мунищ дов Хизрил яс кколейин абун. Уйилан абидал, гьелъ бицана: «Цебегояздаса нахъе бокьун букIана мун йихьизе. ГьитIинаб заманалда дур эбел Аминатица дие гьабураб лъикIлъи киданиги кIочонаро. Эбел-эменги бетIербахъиялъе Гуржиялъе ун, дун тун йикIана Аминайода аскIой. Гьелъухъ йикIаго гурони, лъимерлъиялъул заманалда чехьго гIорцIичIо дир», - ан. Гьей йигоан Гуржиялъул Тиви росулъ гIумру гьабурай ва гьанже Гьизляр районалъул «Вперед» абураб совхозалъул ракьалде гочарай ракьцояй.

Аминайол букIана анлъго лъимер: лъабго васги лъабго ясги. Рагъул соназда туснахъалде витIана гьелъул бетIергьанчи Хизри. Бищун кIудияв вас МухIамад вукIана рагъда. Хизри вукIана колхозалъул хъаравуллъун. Гьев туснахъалда тIамиялъул хIакъалъулъ бицунаан росуцояй Гъайирбегова ПатIиматица. «Дун колодаса росулъе ячIараб мехалъ, росдал советалъул контораялда рукIарал бакIалъул хIакимзабаз дида гьикъана, Хизри щиб гьабулев вугевилан. Дицаги бицана, ихдал бекьизе тараб колхозалъул картошка, цIорозе гурин абун, гвандинисаги бахъун, фермаялъул бокьобго цIияб гвендги бухъун, гьенибе балев вихьанин абун. Щаялиго, гьел цоцахъ ралагьана ва рокьукъго релъанхъана. Заман гьоркьоб иналде Хизри жанив тIамун вугин рагIана дида», - ян.

Хизри вукIана ресалда вугев чи. Рагъул соназда халкъалда тIад лъураб магъало кьун хадубги, хъизан хьихьизе жо камун вукIунароан гьев. Лъан букIахъе, дол соназда кьварараб низам гьабулеб букIана жамгIияб мулкалде квер бегьарав чиясе. Гьединлъидал, Хизрие хIинкъиги кьун, гьесухъа жидеего чахъу-куй бахъизе хьул лъун буго росдал нухмалъулезул. Колоде ун руго гьел ва, колхозалъул картошка гьаниса добехун балаго, дуего босичIого чIун ватуларо мунанги абун, тIалаб гьабун буго бищун кьарияб куй хъвезе. Хизри разилъун гьечIо ва, гьеб бугьтан сабаблъун, дир кIудияв эмен вачун тIамун вуго туснахъалда.

Дир эбелалъ гьебмехалда бан букIун буго бащдаб лъагIел. «Дир кIудияй яц ПатIимат унеей йикIун йиго инсуе квенги босун, росдал советалъул туснахърокъов гьев вугеб мехалда. Гордухъан къватIибе бегьараб кверги ясалъул ботIрода бахъун, инсуца абулеб букIун буго, дир лъикIлъи щвеладай дуе, дир ясан. Гьенисан эмен эхеве вачун ун вуго ва тIокIалъ росулъе тIадвуссинчIо», - ян ракIалде щвезабула гьелъ.

Туснахъалда рос, рагъда вас ва рукъ цIурал лъимал… Чанги къо бихьун батила дир кIудияй эбелалда гьеб заманалда. Жиндир хъизамалда цадахъго гьелъ хьихьун йикIана бусаде ккарай росасул яц Муъминатги, бетIербахъизеян Гуржиялъе арал эбел-эменги хун, бесдаллъуда хутIарай Хизрил вац МухIамадил яс ПатIиматги. ПатIиматги дир эбелги тIолабго гIумруялъ кирго рукIунаан цадахъ. Рохьоб батараб цо гиригарацин бащад гьабулаанила жидецаян бицунаан гьез нижее. Гьезда цадахъ кивго вукIунаан вацазда гьоркьов бищун гьитIинав МухIамадхIажиявги. «ГIисинал чагIи рукIаниги, вацасги нижецаги тIалаб гьабулаан гIи-боцIул. Цо къоялъ, гIиял тIалабалда рукIаго, нижеда бихьана рехьалъе цIиял чахъаби рачIун. Ниж рохелги бицун ахIдана вацасде, балагье, нилъер рехьен гIемерлъулеб бугоян. Вац векерана аскIове ва ахIи-хIур бахъинабуна. Нижеца чахъабиян тарал жал рукIун руго рехьен талавур гьабулел бацIал», - ан бицана эбелалъ.

Аминайо йикIана хIинкъи-къай лъаларей гIадан. Гьелъул хIакъалъулъ биценал хутIун руго росулъ. Цо нухалда гьей ун йиго колодаса росулъе – зигаралъе. Рокъор тун руго лъимал. Рагъул соназда рохьабазда рахчарал хъачагъал камулароан ва гьез

гІемер заралги гьабулаан кулабахъ хутІарал гІадамазе. Лъималазе бугеб хІинкъиги бичІчІун, Аминаййо маркІачІул гІужалда, чодаги рекІун, тІадюссуней йикІун йиго колоде. Ашкуваъ кІкІалахъан яхунаго, гьелъул чу нахъе-нахъе къазе лъугьун буго. ЦІал кьабуниги, берцин мацІ бицаниги, чу цебехун унеб букІун гьечІо. Гьаб щиб гІаламатан, бецІлъукь цеехун ялагьарай гьалда бихьун буго залимаб, габур хъахІаб ци. Гьелъукьа хІинкъун, чу билълъунеб гьечІеблъи бичІчІун буго. «Йиччай дун, нух кье дие», - ян гаргадизе байбихьун буго гьалъ циялда. Долъги данде жавабалъе гьаракь гьабун буго. «Нахъе а, дуе зарал гьабуларо дица, ярагъги гьечІо дихъ», - ан абун буго Аминаййоца нахъеги. Нахъеги рази гьечІеб сас гьабун буго циялъ. Гьебмехалда, гурдида гъоркьан кекеги къватІибе бахъун, Аминаййоца абун буго: «Дун йиго чІужугІадан, лъималазул эбел. Дуе зарал гьабулей гІадан гуро дун, йиччай дирго лъималазухъе», - ян. Гьебмехалда ци эхетанила нахъисел квачІазда ва рахъ-рахъалде хьвагІезе лъугьанила, дунги эбел кколин абулеб гІадин, ва цо кІудияб гьаракьги биччан, кІкІалал цояб рахъалдехун бекеранила. Гьеб параялъго, цІал кьабизегІанцин чІечІого, бекеранила чуги. Эхедераялда ине кколеб гьеб, цо лъалхъичІого, щванила рукъалъул кІалтІе.

***Дида макьилъ гІадин цеетІамула Аминаййо. Гьей хвана дица укъго-щуго сон бараб мехалда. Гьелдаса нахъе гІемераб лъим чвахана ХъазангІурухъан Каспий ралъдахъе, амма росуцоязда ва гІагарлъиялда гьей жеги кІочонаро. Бицуна гьелъул бахІарчилъиялъул, сахаватлъиялъул, гІадан хиралъиялъул ва бокьараб иш гьабизе букІараб бажариялъул хІакъалъулъ. Росуцоязе лъикІай йикІана гьей – Аллагьасда цееги лъикІал муъминзабазул кьеразулъе ккун ятаги.***

**КАВСАРАТ СУЛЕЙМАНОВА**

Сураталда: Аминаййо ясалъул вас СагІдулагун, нахъа чІарай – гьелъул яц Узлипат, ясгун





# БукІараб лъикІ, батараб квеш!

Вай Аллааааагь, нужеца бицунеб жогІаги щиб? Кинаб экзамен, кинаб ЕГЭ, кинаб ОГЭ… ГІадан гІаданлъун гьечІони, сунцаниги гьабизе гьечІо кумек! Ункъоялда анцІабилел соназдасанго нилъеца бичча-бихьан тун буго тарбия кьей… Гьелде регІунищха рукІарал… МагІишат гьабулел… ГІаданилан абураб рагІул магІна гІарцул цІураб чванта гурин, дир вас, хІеренаб, хІалимаб, гІадамазе лъикІлъи гьабизе бокьулеб ракІ бугилан бицине ва бихьизабизе кІочон тун буго нилъеда.

Аллагьас цІунаги, гьединав, яхІ-намусги щиб жоялицин лъаларев, тарбияги щвечІев чиясухъе гІарацги гІадамазда тІад кверщелги щвезе. Гьеб мехалъ букІунеб жо нилъеда бицинчІониги лъала. Бадиреги ралагьун, гьимизеги гьимун, бищунго ракІ унтарав чияс гІадин бицуна пиша кодоб бугес нилъее цІакъ берцинаб, ракІ биунеб, хІехьезе кІолареб рохел чорхолъ бессулеб маргьу. Уяб жойин добиланги ккун, нилъги рукІуна гьакІкІан кІалалгун хІасилалъухъ ралагьун… ХІасил батула бицаралъул гІаксалда. Уйила, битІараб бугила, дицаги эдинилаха абулеб букІарабиланги абун, бер къапилалде гьабун батула бицаралъул гІаксалда.

– Вай, дармаааан, яхІги бичун щвараб гІарцуца кигІан кІудияб талихІдай бачІина дур къавулъе босун… - илан абизе ячІине йикІарай, гІумруялъул хІалбихьи бугей, гІемераб бухІи-цІорой бихьарай гІадай гІаданги, цо гъуждул гІебав чиясда нахъаги вахчун, аскІой къазецин йиччаларо…

Гьаб гІумруялъулго магІна, мун цевеса ун хадув, яги мун гьеб чодаса рештІун хадуб, дуда хадуб гІадамаз абулеб рагІи гуребдай? Гьасукьа хІинкъун, досукьа нечон, довцоясукьа вахчун гьабураб гІумруялъул тІагІамгІаги кинабдай букІунеб? НечечІого гьерсал рицине лъалеб бугони – гьебго мадар, амма гьереси бицараб щинахъе гІундул чІахІалъун рачІунел рукІаралани щиб гьабилеб букІараб?

КигІан кутакалда лъарабги, я жубай-бахъиялъул, я гІурус мацІалъул, хІатта физикаялъулцин гьечІо пайда нилъер лъималазе, тарбия щун гьечІони. Тарбияги эбел-инсул гьечІони, кигІан цІакъ бугІаниги, босулеб жо букІунаро лъималаз. Бихьаралда гурони, бицаралда божуларо гьел. ЦІодорал жал рукІуна.

ХІалтІизе чи восулеб мехалдаги лъаялъул даража борцинчІого, къваригІун буго яхІ-намусалъул даража борцине. ЯхІ-намус бугев чияс жинда тІад къараб хІалтІи хунги вахъунги ракІ бацІцІадго тІубазабичІого толаро, лъай-гІакълу гІолеб гьечІони, гьебги балагьула квен тун, макьу тун. Амма, лъай бугел яхІ-намус гьечІезда, гьеб букІине кколеб жойиланцин кколеб гьечІо, нагагь цо гьитІинаб доба анисан щвараб жо бугонигицин, бетІерги бухун, къватІибе баккизе биччалеб гьечІо. Щайха эб букІинеб магІишат гьабизе квал-квалалъе. Лъица гьеб яхІ-намусалъул даража борцинебалиги кІудияб суал буго. ТІадчагІазул жидерго гьечІеб яхІ-намус цогидазулъ кин бихьилеб ва борцинеб?

Маргьаби рокьулел жалги ругелъул нилъ, цеве чІезавизин гьадинав хІаким: яхІ-намусги бугев, лъай-гІакълуги бугев, гІадамазулъ къадруги бугев, кигІан бокьаниги гІарацги бугев, гІадамазе лъикІлъиялъе вижарав чи вугин живилан абураб пикруги ботІролъ бугев... Вай, букІараб лъиииикІ…

Батараб квеш!

**БАХУ МУХІИДИНОВА**




# Журнал в журнале



# *Какая рыба больше всех?*



Китовая акула – самая крупная рыба на Земле. Длина этого гиганта в восемь-девять раз превышает человеческий рост. А весит акула, как шесть взрослых слонов.

- Самая маленькая из морских рыб - это бычок пандака

- Сельдяной король в четыре раза длиннее лодки-байдарки.



Ремень-рыба, или сельдяной король.

Китовая акула

Рыба-парусник.

# *У какой рыбы есть «копье»?*

Рыба-парусник имеет длинный заостренный нос. Она плавает со скоростью автомобиля – до 130 километров в час, при этом ее нос-«копье» режет воду, как нож.

- Бурая водоросль – самое длинное из морских растений, лишь чуточку короче футбольного поля.



# *Какой краб самый большой?*



Размах клешней гигантского краба-паука достигает четырех метров – достаточно, чтобы обнять бегемота. Живет краб вблизи берегов Хонсю и Кюсю.

- Краб-горошинка и правда размером с горошину. Он живет в раковинах двустворчатых моллюсков.



## *Зачем верблюду горб?*



Горб верблюда – это естественная кладовая, где он накапливает питательные жиры. Поскольку животные обитают в пустынях, им трудно искать пищу и воду. А запасов жира в горбе верблюду хватает примерно на две недели. В течение этого времени он может ничего не есть и не пить.



- Когда у верблюда жажда, он выпивает за 10 минут 10 ведер воды.





- Бактриан – двугорбый верблюд.

- Дромадер – одногорбый верблюд.

- Слоны здороваются, «пожимая» друг другу хоботы.



## *Зачем слону хобот?*

Хобот – очень полезное «приспособление». Им слон наклоняет ветки и срывает листья себе на обед. А еще хобот – удобный шланг. В жару слон набирает в него воду и обливается ею, чтобы освежиться.





- Кончиком хобота слон поднимает с земли даже такие мелкие вещички, как пуговицы и монетки.

## *Зачем жирафу длинная шея?*

Благодаря своей длинной шее жираф спокойно достает листья с самых верхушек деревьев. Другие животные не способны дотянуться так высоко, и поэтому у жирафов всегда много еды.

- У жирафа полуметровый язык





# РАЙСКОЕ НАСЛАЖДЕНИЕ



*Сладкоежкам на радость –*
*И НЕ НАДО ПЕЧЬ*

# КЛУБНИЧНЫЙ ТОРТ
## С ОРЕХОВЫМ КОРЖОМ

***На 12 порций***

**Для коржа:**

- *125 г сливочного масла*
- *75 г печенья с орехами*
- *150 г бисквитного печенья продолговатой формы*
- *75 г молочной шоколадной глазури*

**Для крема:**

- *12 г желатина*
- *1кг обезжиренного творога*
- *сок и тертая цедра 1 лимона*
- *75 г сахарного песка*
- *2 пакетика ванильного сахара*
- *250 мл сливок*
- *750 г клубники*
- *1 стол. ложка сахарной пудры*
- *50 г пластинок фундука*

**Корж**

1. Растопить сливочное масло. Положить печенье и бисквиты в пакетик для замораживания и мелко покрошить. Перемешать со сливочным маслом. Положить массу в разъемную форму (диаметр 26 см), выстеленную бумагой для выпекания, и прижать ее. Охлаждать корж около 60 мин.
2. Измельчить шоколадную глазурь и расплавить ее на горячей водяной бане. Намазать на корж и дать застыть.

**Крем**

Смазать жиром края разъемной формы и покрыть их бумагой для выпекания. Замочить желатин в воде. Перемешать творог, лимонный сок, цедру, сахарный песок и ванильный сахар. Распустить желатин и, вливая тонкой струей, подмешать его к массе. Как только крем начнет застывать, хорошо взбить сливки и подмешать их к крему. Равномерно нанести крем на корж.

**Завершение**

Отложить несколько ягод для украшения, оставшиеся нарезать ломтиками. Выложить их на торт. Охлаждать 2 ч. Украсить оставшимися ягодами и посыпать сахарной пудрой. Посыпать края торта пластинками орехов.

## РУКОЛА И ШПИНАТ с кукурузой и сыром

**Приготовление: 35 минут. В одной порции 320 ккал.**



**На 4 порции:**

**• 1 банка кукурузы (425 мл) • 4 маленьких помидора**
**• 1 большая красная луковица • 100 г шпината**
**• 2 пучка руколы • 250 г полутвердого сыра**
**•1 лайм • 2 стол. ложки уксуса бальзамико**
**• соль и перец • 4 ст. ложки оливкового масла**

1. Откинуть на сито кукурузу. Помидоры вымыть, обсушить и нарезать тонкими ломтиками. Очистить лук и нарезать его тонкими полосками.
2. Перебрать шпинат, тщательно вымыть и откинуть на дуршлаг или обсушить. Руколу почистить, вымыть и откинуть на дуршлаг.
3. Выстелить 4 тарелки листьями шпината. Красиво разложить на шпинатных листьях руколу, зерна кукурузы, ломтики помидоров и лук. Нарезать ломтиками сыр и разложить по тарелкам.
4. Отжать из лайма сок и перемешать его с солью, перцем и уксусом. Взбивая, влить оливковое масло. Еще раз приправить. Полить салат заправкой и сразу же подавать на стол.

***Совет***

Отличный салат получится также, если вместо руколы и шпината взять листья одуванчика.

## КАРТОФЕЛЬНЫЙ САЛАТ

**Приготовление: 30 минут. В одной порции 370 ккал.:**



**На 4 порции:**

**• 750 г картофеля • 1 пучок базилика • 2 лимона**
**• соль • перец • 5 стол. ложек оливкового масла**
**• I пучок руколы • 4 помидора • 100 г черных оливок**

1. Картофель вымыть и варить около 20 мин. Обдать холодной водой, очистить и нарезать ломтиками. Базилик вымыть и отделить листочки от стеблей. Половину отложить в сторону, оставшиеся нарезать полосками. Вымыть и обсушить лимоны. Натереть на терке цедру 1 лимона. Отжать сок из обоих фруктов. Перемешать соль, перец, лимонный сок, цедру и оливковое масло. Полить картофель. Подмешать полоски базилика. Накрыть и оставить примерно на 60 мин.

2. Руколу почистить, вымыть и откинуть на дуршлаг. Помидоры вымыть и нарезать дольками. Приправить картофельный салат. Разложить его по тарелкам с руколой, помидорами, оливками и оставшимся базиликом.

## ЦВЕТНАЯ КАПУСТА



**На 4 порции:**

**• 1кг цветной капусты • 2 зубчика чеснока**
**• 2 стол. ложки оливкового масла • перец**
**• 4 помидора • 1 пучок базилика**
**• по 4 стол. ложки белого уксуса и сметаны**

1. Отварить цветную капусту в кипящей подсоленной воде до полуготовности. Откинуть на дуршлаг и дать воде стечь. Мелко порубить чеснок. Немного потушить его в 1 стол. ложке оливкового масла. Добавить цветную капусту, разделенную на соцветия, жарить ее около 2 мин и остудить.

2. Обдать кипятком помидоры, снять с них кожицу и нарезать мякоть полосками. Вымыть базилик и отделить листочки стеблей. Отложить несколько штук для украшения, оставшиеся нарезать тонкими полосками. Смешать капусту с помидорами, солью, перцем и уксусом.

В конце подмешать 1 стол. ложку оливкового масла и полоски базилика. Разложить салат по тарелкам и выложить на него немного сметаны. Подавать, украсив оставшимися листьями базилика.



Урожай кофе собирают вручную



• При сушке зерна кофе приобретают светлую окраску



• Лишь при мягком поджаривании кофе приобретает характерный коричневый цвет.

**Кофейное растение – это небольшое вечнозеленое дерево или крупный кустарник семейства мареновых.** Лучше всего оно "чувствует себя" в тропическом и субтропическом климате. Деревья, выращиваемые на культурных плантациях, низкорослые – не более 2,5 м, в то время как в природных условиях они могут достигать в высоту 10 м.

**Плоды кофе, по внешнему виду напоминающие вишни, в зрелом виде приобретают темно-красный, почти черный, цвет.** Каждая ягода содержит, как правило, по два кофейных зерна. Сбор урожая, который производят вручную, следует повторять несколько раз, так как срывать можно только зрелые кофейные плоды.



**Известны более 40 разных видов кофейных деревьев.** Из них культивируются 4, а наибольшее хозяйственное значение имеют два — арабика и робуста.

**Арабика содержит всего 1,1-1,7%** кофеина, отличается сильным ароматом и мягким вкусом с легкой кислинкой и шоколадной нотой. Кофейная пена по цвету напоминает лесной орех со слегка красноватым оттенком.

**Робуста по сравнению с арабикой содержит в три раза больше кофеина (2–4,5%),** больше кислоты, отличается более крепким вкусом и не таким интенсивным ароматом, кроме того, в робусте гораздо больше горечи. Поэтому для приготовления напитка этот сорт в чистом виде практически не используется, а применяется в качестве добавки к «благородной» арабике.

**Создает настроение, помогает сохранить стройность и утоляет боль**

# АРОМАТНЫЙ КОФЕ

## ЗДОРОВЬЕ ИЗ ЧАШКИ

Споры о том, чего от кофейного напитка больше – пользы или вреда, не прекращаются до сих пор. Между тем еще в XVIII веке страстный любитель кофе французский писатель Бернар де Фонтенель, доживший до ста лет, говорил: "Если это и яд, то очень медленно действующий".

### В арабском мире кофе был известен как лекарство

Родиной кофейного дерева принято считать Эфиопию, где оно в диком виде встречается и по сей день. Даже происхождение слова "кофе" многие лингвисты объясняют названием одной из эфиопских провинций – Каффа. Однако в начале новой эры миграция эфиопских племен привела к тому, что зерна кофе попали на Аравийский полуостров и неплохо там прижились. Как свидетельствуют письменные источники, уже в IX веке н. э. это растение широко культивировалось в Аравии, а напиток из его зерен был весьма популярен. В арабской медицинской литературе можно встретить также указания на то, что "коричневое золото" активно применялось врачами Востока как тонизирующее средство. В XV–XVI веках вкус кофе узнали турки и быстро пристрастились к нему. А вот с консервативными европейцами отношения у кофе сложились не сразу: прошло более 200 лет, прежде чем "сироп из сажи" превратился в один из наиболее употребляемых в этой части света напитков.

### Регулярный прием кофе – защита от болезней

Основным активным компонентом кофейных зерен является кофеин. Именно он предопределяет тонизирующий эффект кофейного напитка на наш организм. Кофеин оказывает стимулирующее воздействие на центральную нервную систему, в особенности на кору головного мозга, повышая работоспособность, устраняя усталость и сонливость.




**Многие испытывают настоящую страсть к кофе – его пьют с молоком или в чистом виде**

**В ДОПОЛНЕНИЕ К СКАЗАННОМУ**

■ Большое количество кофеина может вызвать дрожь, потоотделение, бессонницу и сердцебиение. Для устранения вредного воздействия кофе на сердце арабские врачи советовали добавлять в него при варке немного шафрана.

Сегодня уже известно, что регулярный прием кофе в пять раз уменьшает риск развития болезни Паркинсона. А одна-две чашки напитка в день наполовину снижают вероятность возникновения желчекаменной болезни. Кофе также уменьшает опасность заболевания остеопорозом. В качестве доступного "домашнего средства" кофейный напиток поможет в следующих случаях:

■ **Пониженное кровяное давление.** Кофе расширяет венозные сосуды сердца и заставляет его сильнее качать кровь, в результате чего артериальное давление повышается.

■ **Избыточный вес.** Одна чашка кофе содержит ноль калорий и, следовательно, никак не влияет на вес. Даже с молоком и одной чайной ложкой сахара энергетическая ценность чашки кофе равна всего 39 килокалориям. Выпитый после еды, этот напиток в течение трех часов усиливает энергообмен в организме.

■ **Головные боли.** Кофеин не только возбуждает мозг и подавляет чувство усталости, он может уменьшить головную боль. Многие таблетки от головной боли содержат кофеин.

■ **Астма.** С давних пор известно благотворное действие коричневых зерен на астматиков. Некоторые пациенты рассказывают о том, что две чашки кофе в день сокращают число приступов. Это объясняется тем, что кофеин стимулирует центр дыхания.

■ **Запор.** То, что кофе стимулирует пищеварение, известный факт. Многие врачи назначают по утрам кофе как средство для быстрого опорожнения кишечника.

### Пару глотков и плохое настроение улетучивается

■ Депрессия. Исследования показали, что кофеин не только взбадривает, но и помогает бороться со страхами и депрессией.

Соблюдать границы делового общения порой довольно сложно, но делать это совершенно необходимо



# Субординация без конфликтов

**Тем, кто работает в коллективе (а таких большинство), крайне важно с предельной точностью очертить собственный круг обязанностей, а также обозначить границы, переступать которые нельзя. Подобных границ может быть множество, но все же самой главной и самой зыбкой остается граница делового общения.** Чтобы не стать ее нарушителем, надо четко соблюдать определенные правила.

## Не давайте непрошеных советов

Итак, если вы хотите сохранить добрую репутацию и хорошие отношения с коллегами, никогда не обсуждайте их деятельность у них за спиной. Не критикуйте сослуживцев и не давайте им непрошеных советов. **Никогда не оставляйте без внимания мнение коллег и ни в коем случае не нарушайте субординацию, самовольно беря на себя функции вышестоящих сотрудников.**

В каждом коллективе ответственность за неприкосновенность установленных границ лежит на непосредственном начальнике членов команды. А значит, еще одно важное правило существования дружного и профессионального коллектива – это присутствие руководителя, способного создать наиболее благоприятную атмосферу, при которой каждый сотрудник сможет хорошо выполнять свои обязанности и чувствовать себя незаменимым.

## Этика начальника, этика подчиненного

Так уж сложилось, что начальник и подчиненный изначально находятся в неравном положении, следовательно, конфликт между ними весьма вероятен, более того – иногда неизбежен. А раз так, очень важно сделать этот конфликт продуктивным, а не растрачивать драгоценное время и силы на подсчет взаимных ошибок и промахов. **Устраиваясь на работу, мы соглашаемся на определенную роль, и, как правило, это роль подчиненного.** И даже если такая роль нам не по нутру, мы обязаны ее честно исполнять: быть хорошим подчиненным своему начальнику, даже если он ханжа, зануда или перестраховщик, – целое искусство. Иногда для того, чтобы вызвать симпатию и уважение такого начальника, необходимо приложить массу времени и усилий. Если это удается, то и в нем можно увидеть симпатичного человека, который в свою очередь оценит вас. Неформальные отношения между начальником и подчиненным льстят самолюбию последнего, и все же они довольно рискованны, так как очень часто приводят к конфликтам. Важно, чтобы ни одна из сторон не забывала о том, какая именно роль отводится ей в команде, и, самое главное, не давала личным отношениям мешать деловым. **К сожалению, в нашей стране начальник, играющий роль родителя, встречается довольно часто.**

Такой начальник частенько помогает своим сотрудникам решать не только деловые, но и личные вопросы.

## ПОЛЕЗНАЯ ИНФОРМАЦИЯ

*ОТ СУБОРДИНАЦИИ НИКУДА НЕ ДЕТЬСЯ*

**Самой верной защитой от некомпетентного или чересчур придирчивого руководителя является ваш профессионализм, четкое знание своих обязанностей и соблюдение правил субординации. Хороший начальник всегда по достоинству оценит добросовестное исполнение роли подчиненного. Доведите это искусство до совершенства, и вы увидите, как изменятся ваши отношения с руководством. Итак, какой бы свободолюбивой личностью вы ни были, от субординации никуда не деться, и только от вас зависит, станете ли вы ее жертвой или обратите правила субординации себе на пользу.**



# Добрый доктор Айболит

**Когда-то на горе Олимп жили-были две сестры, дочери великого Асклепия: Панацея и Гигея.** Люди, поклонявшиеся Панацее, обретали исцеление от любого недуга; те же, кто служил Гигее, просто никогда не болели. Залогом здоровья были правила Гигеи, или гигиены, как мы их теперь называем. Хоть наши домашние питомцы и не люди, соблюдая определенные правила гигиены их содержания, мы избавим их от необходимости близкого знакомства с Доктором Айболитом, а себя – от массы хлопот, переживаний и расходов. Итак, что предлагает Гигея нашим Бобикам и Муркам?

## Каждый день

Хорошее и регулярное питание – первейшее условие крепкого здоровья. Собаки и кошки – хищники, им не подходит питание "каша на бульоне" или "объедки со стола", также пользы не принесет стопроцентно мясной рацион. Гамма промышленных кормов сегодня весьма и весьма разнообразна, в подборе подходящего могут помочь и ветеринары, и знакомые, и продавцы-консультанты в магазине. Главное – обращайте внимание на состояние зверюшки при переходе на тот или иной корм. Еще один немаловажный фактор: животные привыкают к определенному режиму, кормить их лучше в одно и то же время, правда, кошки предпочитают, чтобы сухой корм был доступен в любое время, а вот мяско или консервы, на их вкус, просто бесподобны к завтраку!

## Еженедельно

Один раз в неделю пушистых любимцев необходимо тщательно вычесывать. В зависимости от длины и густоты шерсти используются разные щетки-расчески. Процедура абсолютно необходима как для поддержания красоты и здоровья шерсти, так и для уменьшения в квартире количества выпавших волосков. Экзотических «голышей» необходимо раз в одну-две недели мыть. Кошкам, содержащимся в городской квартире, раз в 10 дней следует подстригать когти. Не следует забывать и о «смене постельного белья»: чехол на спальном матрасике любимца можно просто почистить пылесосом или сменить на свежевыстиранный.

## Раз в месяц

И собакам, и кошкам будет полезно ежемесячно профилактически чистить зубы во избежание образования зубного камня. В зоомагазинах продается специальная зубная паста, на худой конец, вместо нее можно воспользоваться влажной ваткой, которой надо тщательно и аккуратно протереть зубы, уделяя особое внимание задним коренным. К этой процедуре и собак, и кошек необходимо приучать с самого раннего возраста – воспитанный питомец спокойно перенесет любые гигиенические процедуры. Если же камень на зубах успел образоваться, удалить его несложно, но без должного навыка вряд ли получится. Это – повод для визита к ветеринару.

## Страховка на год

Один раз в год – всего-навсего один! – всем животным необходимо делать комплексную прививку. Даже если кошка никогда не выходит на улицу, на обуви человек может притащить в дом любую заразу. Неправда, что собакам после определенного возраста прививки можно не делать: взрослые, конечно же, не столь уязвимы, как молодняк, но и они не застрахованы от инфекции. Один-единственный визит к ветеринару, совершенно безболезненный укол – и ваш любимец не заболеет ни одной смертельной инфекцией, не будет слез, бессонных ночей и непредвиденных расходов. Современные вакцины весьма и весьма надежны, легко переносятся животными и защищают на целый год! За 10 дней до прививки животному необходимо дать глистогонное. Вообще же антигельминтики ветеринары рекомендуют давать раз в сезон.

## По весне

Как только температура воздуха поднимается до 10 градусов тепла, сезон охоты на наших любимцев открывают клещи и блохи. Они не только досаждают животным, они еще и переносят заболевания, прививок от которых нет. Блохи разносят яйца глистов, а клещи – кровепаразитов, вызывающих у собак страшное заболевание – пироплазмоз. Чуть опоздаешь – и пес погибнет или останется инвалидом, а лечение далеко не всегда приносит результат. Проще заранее купить «антиблошиный» ошейник, спрей или капли.

## Щибаб сураталда данде кколеб рагIи бате!



| хъабахъ | ламадур | чIакIултIан | талган | пастIан | хъарпуз | пер | ражи | пилпил | охцер |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| … | … | … | … | … | … | … | … | … | … |

тIогьилаб  гьуинаб  гьитIинаб  загьаб  гIурччинаб

бечIараб  тIагIамаб  барщараб  кIудияб  кубик



## Бакъдебус

Бакъдебус бакъде бусун
Сабурго балагьула,
Беричаб гьумералъе
Релъен бакъул босула.
Бакъда хурибги бижун
БахIарайлъун гьимула,
Гьурмаде кверлъин бачун,
Нечон гIодоб къулула.
Гьелъул гIадал цокIалал
Цаби дида рихьичIо,
ГIурччинаб чохтIо сверун
Чалу рекъон бугеб куц.
Цо борхалъи, чIурканлъи,
ЧIухIараб цо балагьи,
Гьаваялде хьвагIулел
КвербацIазул гIурччинлъи.
Бакъдебус бакъде буссун
Къоялъ гьимулеб буго…
– Баба, дунги гьечIищха
Гьадаб гIадай берцинай?
Бакъдебусалде, Марьям,
Бер-кIал гьабун кIалъана,
– Бакъдебус, мун нусгогIан
Дун берцинай йиго, – ян.

Шамил МухIидинов





# Хъалаялъулги рокьулги хІакъалъулъ...

Преображенскиясул цІаралда бугеб хъала – гьеб буго ГІанди гІоралда тІад бараб, Болъихъ росдада аскІоб бугеб, гІурус пачаясул заманаялъул хъала. Гьелъие кьучІ 1859 соналъ генерал-фельдмаршал А.И. Барятинскияс лъуна. ГІурулмухъ чІван унеб цо бугеб нух къалаан гьелъ. Заманалдасан, гьава-бакъалдаги багъарараб бакъул унтиялдаги бан, гьеб гІодобегІан, маххул кьо бугеб бакІалде бахъана. Хъалаялде гъорлъе унаан хъаладул къед, тункІазе картІал ругел сиял ва казарма.

Хъаладул цо къед жакъа къоялдеги лъикІ цІунун хутІун буго. Гьеб чІван, бащдал риххарал балъабаздасан, лъикІ цІунун хутІараб цо сиялде рахинеги бегьула. Гьенисан бихьулеб сверухълъиялъул берцинлъиялъул бицун хІалкІоларо…

«Дагъистаналда ругел гІурус пачаясул ва Шамилил хъалаби» абураб тІехьалда Булач ХІажиевас бицунеб буго цо гьадинаб лъугьа-бахъиналъул:

«1912 соналъ Болъихъ Преображенскиясул цІаралда бугеб щулалъиялда чІей букІуна Ново-Баязетский абулеб 207 ротаялъул. Гьеб ротаялъул, цо кинавалиго, цІакъ жинс-рахъ берцинав подпоручикасул рокьи ккола Патал Баху абулей ясалъухъ. Ясалъеги рекІее гІолев вукІуна гьев. РекІее гІурав гІечІого, гьей кьаба-кІатІун гьесухъе хъалаялда жание уна. Заман иналде тІубараб росдадаго тІибитІула гьеб хабар. Гьениса къватІие ячІараб къо гІумруялъул ахирисеб къо букІин бицинчІониги лъалелъул, ячІунаро Баху тІадюссун.

БицинчІого гІоларо гьей йокьарав вас, гІезегІан бахІарчияв вас вукІиналъулги. Гьеб бичІчІула киналниги сверухълъиялдаса росабиго ракІарараб базаркъоялъ, рачлихъ цо гьитІинаб нус гуреб, ярагъги кодоб гьечІого. базаралде вачІиналдалъун. Киназго гьесде кверги битІун: «Гьале гьав чиясухъха дой нилъер яс йигей. Вай рогьо, рогьо…» - йилан абулеб букІун буго.

Росдал староста Къудукьав ИсмагІилов уна округалъул начальник Гвилисянихъе гьеб хабаргун. Гьесдаги цІакъ лъикІ лъалел рукІун руго магІарулазул гІадаталги, гІамал-хасиятги, сундалъун гьеб лъугьа-бахъин лъугІизе бегьулебалиги.

Гвилисяница ахІула жиндихъего ротаялъул командирги подпоручикги. Баху гьеб заманаялъ жеги хъалаялъуйго йикІуна. Гьениб щиб хабар гьезул ккарабали лъаларо. БичІчІанихъе, цІакъ бигъараб суалги батун, гьел цо хІукмуялде рачІун гьечІо. Яс тІадюссани - чІвала гІагарлъиялъ. Гьей ячинеги рес гьечІо гьасул - пурман кьоларо гІагарлъиялъ. Бугеб хІалалъ суал тезеги хІинкъараб буго - яс хъамурав цо санагІалъи ккезегІан тарав чи вуго чІвачІого. ГарацІ хІацІцІихьун букІуна бичизе кІоларедухъ.

Хъалаялъув жиндирго рокъове аралъуса офицер тІокІав къватІиве вачІунаро. ХІалхьи хвезабичІого тунги вукІуна. Амма радал докладгун командирасухъе вачІинчІелъул, хадур чагІи ритІула. КІутІун рагьичІелъул, нуцІа бекизе ккола ва гьадинаб сурат чІола солдатазда цебе: жалго жидецаго чІван, кІиязулго жаназаби ратула аскІор регун.

Ясалъул жаназа гІагаразухъе кьола, офицерги, ахІи-хІур гьабичІого, хъалаялда аскІов солдатазул хабзалахъ вукъула».

**ХІадурана Гульнара АСАДУЛАЕВАЛЪ**

# КИНАБГО ДУДА БАРАБ БУГЕБ ГІАДИН ГЬАБЕ ГІУМРУ



Миясат Шейховна Муслимова – Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай учитель, РФялъул тIадегIанаб ва профессионалияб лъайкьеялъул ХIурматияй хIалтIухъан, РДялъул тIоцебесеб классалъул хIакъикъияй пачалихъалъулай гIакълучIужу. ГьабсагIаталда гьей ккола ГI. ГI. Тахо – Годил цIаралда бугеб НИИялъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул секторалъул кIудияй гIелмияй хIалтIухъан.

ШагIир, тилмач, литературияй критик, РФялъул хъвадарухъабазул ва журналистазул Союзазул член, ТIолгороссиялъул, А. Сахаровасул цIаралда бугеб, «За журналистику как поступок» абураб конкурсалъул, «Россиялъул меседил перо» абураб премиялъул ва РДялъул журналистазул Союзалъул «Меседил цIум» премиялъул лауреат. Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул Дагъистаналъул отделениялъул Председатель, Кавказалъул хъвадарухъабазул Клубалъул Президент, Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб, литературияб премиялъул лауреат, «Золотая строфа-2010» абураб Халкъаздагьоркьосеб, литературияб конкурсалда бергьенлъи щварай.

«Эркенлъиялъул хIалбихьи», «Дантелгун гара – чIвари», «Дир ватIаналъул ганчIал», «Эбелалъул макьаби», цогидалги литературиял сборниказул автор.

Жакъа нижер редакциялда гьоболлъухъ йиго Миясат Шейховна Муслимова. Заман гьечIей гIадан йикIаниги, гьей разилъана нижер суалазе жавабал кьезе.

**– Дуцаго мунго щийилан толей? Поэт, гIалимчIужу, жамгIияй хIаракатчIужу...?**

– ГIумруялъул гIемерал рахъаздехун кIвар кьола дица, амма дунго педагоглъун рикIкIуна. Сундаго данде ккезе бажарулареб талихI буго цIалдохъабазе, гьел лъикIаллъун гIеялъе, жидерго бажари гьунар рагьиялъе кумекалъе яти, гьел рокьи ва гьезул рокьуе мустахIикълъи.

Дун йиго филолог. Буго дирго диссертациялдалъун тастикъ гьабураб, литератураялъул дарсал кьеялъул къагIида ва 1991 соналдаса байбихьун гьеб культурологическияб къагIидалъул кьучIлъун босунги буго. Литература лъазаби жиб цебегоялдаса машгьураб жолъун букIаниги, дир пикруялда, гьенир гIолел ратичIо литература лъазабиялъул культурологиябги, этнопсихикиябги, философиябги

рахъал хIисабалде роси. Гьедин дица хIадур гьабуна батIияб методика ва гьенир хIисабалде росана педагогикаялда ккарал гIемерал хиса-басиял. Ай, гIелмаби журалеб бакIазда гIемераб цIияб жо батула. Дир кIинусгогIанасеб хIалтIи буго литература малъиялъул, педагогикалъулаб, правоялъулаб, политологиялъулаб, риторикалъулаб рахъалъ хъвараб ва гьеб ккола гIемерал соназул захIмат.

Дир гIелмиял хIалтIаби кидагIаги рукIинчIо заманалда рекъезарурал. Гьел ккола дирго пикруялъул кьучIалда хъварал, дагьаб батаниги дирго бутIа гIелмуялде тIаде жубалел. Поэзия – ккола дунго диего рагьулеб чIинкIиллъи, дир рухI. Дир гьеб рухIияб дунял гIемеразе къабулабги батана. Бельгиялда тIобитIараб «Эмигрантская лира» абураб, батIи-батIиял улкабаздаса бищунго кутакал поэтазул конкурсазда, бищунго лъикIай шагIирилан жюри мукIурлъи – гьеб гьитIинаб жо гуро.

ЖамгIиял хIалтIаби, сундасаго цебе, Дагъистаналда Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул отделение гIуцIиги анцIго соналъ гьелъие нухмалъи гьабиги, гьединго Кавказалъул хъвадарухъабазул Клубалъе нухмалъиги – буго дир хIаракатчилъиялда бараб жо буго, дие хасиятаб буго гьунарал рагьизеги, тIатинаризеги, гьезие кумек гьабизеги.

Педагогика, поэзия, гIелму, жамгIияб хIаракатчилъи – гьел киналго руго дир мурад бугел рахъал. Гьезул щибалъулъ дун рагьула бажариялда рекъон ва хIаракат бахъула гIадамазе пайдаяйлъун ятизе. Нилъер заманалда гIемерал рахъазда хIалтIи абизегIан беццулеб жо гурониги, кинабго гьеб буго цого рахъалъулал – культураялда, гIелмуялда ва лъай кьеялда хурхарал ишал.

**– Дур лъимерлъиялъул бищунго лъикI ракIалда чIарал лахIзатал кинал?**

– Бищунго лъикI ракIалда хутIана кьурабаз сверун къараб дир гIагараб Убра росу. Дир букIана ункъо сон. Роол заман, сверухъ гIурчинлъи ва тIугьдул, тIад бигъараб хъахIилаб зоб. Дица тIугьдул ракIарулаан, харда ясандулаан, чанги гьениб гъваридаб кIкIалахъе йортизеги рес букIунаан, амма дун кколев чи вукIана, хвасар гьаюлаан…

Дун кидаго хвасар гьаюлей йикIана, амма дида ракIалда гьечIо щал гьел рукIаралали. Гьебго 3-4 сон барай дица хасало цIорораб хIорихъа гьитIинаб ведроялда жаниб баччулаан лъим, гьенибги рес букIунаан бекун цIергун жиние йортизе. Гьенийги хвасар гьаюлаан дун. Анлъго-анкьго нухалъниги ккун букIана цIорокье иналъул хIинкъиги. РакIалда буго анкьго сон барай дун классцоялгун цадахъ Тарки-



Тауялде тIаде яхана ва гьений гьездаса нахъа хутIана, тIугьдулъ тIерхьун, тIаде чи вачIинегIан хутIунги йикIана… Гьанжеги цебе чIола гьороца хьвагIезарулел рукIарал гьел тIугьдузул берцинлъи… ТIоцебесеб кечI дица хъвана ичIго сон бараб мехалъ, гьеб букIана ралъдал хIакъалъулъ. Бокьулаан школалда сочинениял хъвазе, чанги кочIодалъунги хъвана. Анлъабилеб классалда, тIасияб классалъул цIалдохъаналъ гьарун, цIалана «Война и мир» ва хъвана гьелъие сочинение. Гьаранщиназе хъвалаан дица гьел…

**– ЦIализе унеб бакI  тохлъукьего яги ургъунищ бищараб?**

– Дир гIумруялда тохлъукьего лъугьунеб жо щибниги букIинчIо.

**– Щив вукIине бегьулев дур гьалмагълъун?**

– Бокьарав ракIрагьарав ва пикру хIалтIулев чи.

**– Творчествоялъул гIадан хIисабалда дур батилаха гIумруялда, литератураялда, жамгIияталда кколеб -толелда хурхараб пикруги. Гьеб гIемерисезулалде данде кколищ?**

– Буго дирго пикруги. Амма дица пикру данде ккола иш лъалел гIадамазулалда, специалистазулалда. Дун йиго сундехунго щакдаригун ялагьулей гIадан, щайин абуни дида цин бихьула масъала, хадуй ургъула киндай гьеб тIубазабилеб, киндай ахIвал-хIал хисизабилеб абун, ралагьула диргун пикруцоял. Гьебго заманалда хIаракат бахъула дирго пикру бичIчIизабизе, гьелъие нух балагьизе. Бокьуларо иш хадуб бехьерхьун тезе, къокъидго тIубазабизе нухал ралагьула. ГIаммазулго пикруялде данде кколеб гьечIилан абун, дица дирго пикру гIодобги толаро. Гьеб буго къанагIатги киназулго данде кколареб жо, амма цебе биччалеб гьечIони, хIалица нилъерабго бугIизеги лъугьине бегьуларо. Бищунго лъикIаб буго, нилъер бербалагьи ва пикру гIаммазго къимат кьеялъе прессалдаса кьезе, гьеб ккола халкъалъулгун гьабулеб гара-чIвари.

**– Абула дагIбаялъулъ ритIухълъи батулин, гьеб битIарабин кколищ дуда?**



руго кIиго лъимал, васги ясги. ГIумру гьабунги гьел Москваялда руго. Яс - юрист, вас – энергетик. Гьесда чанго батIияб мацIги лъала.

**– ГIумруялъул мурадазде щварайищ мун? Разияй йигищ гьабизе бажарараладаса?**

– Ккана гьарурал ишалги руго жеги гьаризе бажаричIелги, амма ккечIо цониги нечараб бакIалде. Козерог хIисабалда, сонazда цадахъ хIаракатчилъиги борхун, жеги чанги ишал гьаризеги ракIалда буго. ТIубарабго разилъи абуни гьечIо. Сверухъго бихьула профессионализм гIодобе ккейги, хIаялги, кагътида хъван, гIумруялде рахъинчIел ишалги, лъугьинчIел хIасилалги. Хасго квешаб хIалалда буго лъайкьеялъул рахъ, гьеб иш тIаде ккаразда жиедаго бичIчIулеб гьечIо лъугьун бугеб хIал. Цере ккарал гIадамал толел руго жавабиял хъулухъазда ва гьез «команда» гIуцIулебиланги абун, кинабго жидеего рекъезабулеб буго. Гьединлъидал дидаги цIикIкIун ракIгъейги разилъиги творчествоялда батулеб буго.

– Буго гьулъул гIаксаб абиги, ритIухълъи балагьи дагIба балев чиясда бараб букIунилан. Гьеб къваригIунеблъиялда божула. Аслияб жо буго дагIбаялда цоцазухъ гIенеккизе лъай, цоцазул пикруялъул хIурмат гьаби. ДагIбаялъ бихьизабула кIиябго рахъалъул балагьи, рагьула дандеккунгутIиял. Гьебги хIасиллъидалха. ГIицIго цояз цоял хIакъир гьаризе бегьуларо.

**– Творчество – мунго рагьийищ яги жавабчилъийищ? Киналъул кIвар цIикIкIараб бугеб?**

– Творчество байбихьула нилъго рагьиялдаса, жавабчилъи абуни хадуб, рагIи яги махщел гIадамазе рагьизе ва нилъ рагIизаризе лъугьиндал бачIуна.

**– Нилъерго гIадатаздехун хIурматияб балагьи – гьеб шартIиялдаги эркенлъиялдаги гьоркьоб букIунеб къеркьейищ, ялъуни щиб гьеб кколеб? ЦIунизе ккеладай гIадатал?**

– Гьай-гьай, рукIа-рахъиналда хурхарал гIадатал хвезе тезе бегьиларо: кIудиязул хIурмат гьаби, рагIуе ритIухъаллъун рукIин, гIакълу цебе ццин нахъе ккезаби ва гIемерал цогидалги гIумруялъе кIвар бугел гIалатазул къимат гьабизе ккола. Гьел гIадатал тани нилъ рилула. ТIагIуна миллаталги. Амма гьебго заманалда, киналго гIадатал цIунизе лъугьинги мекъи буго. Заманалда рекъон хьвадизе лъазе ккола ва гьелъулги кIудияб кIвар буго. Гурони жамгIиябги хасабги цебетIей лъугьунаро, культураги лъайги щоларо, гIумруялдаса нахъе ккечIого хутIуларо.

**– Дурго хъизаналъул - эбел-инсул, лъималазул хIакъалъулъ бице…**

– Дир эбел йикIана гIумруялъул киналго захIмалъабиги хIехьарай, унго – унгояй мугIрузул чIужугIадан. Гьединазул кIазазул гIемерго цIикIкIараб къиматги буго цо-цо бихьиназул тIаргъазде данде ккун. Эмен лъикI ракIалда гьечIо, дун жеги гьитIинай йикIана гьел ратIалъидал. Дир

**– Щиб гьабизеха ракIалда бугеб?**

– Чанго тIехь буго хъвазе хIисабалде босараб, бокьун буго хIалтIизе…

**– Щиб гьабизе бажарулеб ва гьабизе ккoлеб щивас нилъер гIаммаб букIинеселъе гIоло?**

– Дир хIисабалда щивасе бокьизе ккола жинца гьабулеб иш ва гьабизе ккола ракIбацIцIадго. Ургъел гьечIолъи биччазе бегьуларо, къварилъиялдаса рикIкIада рукIине бегьуларо ва мекъаб ишалда тIад рекъезе бегьуларо, гIахьаллъизе ккола кирго, кумек гьабизе ккола гIадамазе. Кинабго нилъеда бараб бугеб гIадин гьабизе ккола гIумру.

**Сулгият БУЛГАЕВА**





# Дица ракI магIарухъ тана...

Дагьалъ цебе дида интернеталда батана «МугIрузда тараб ракI» абурабтIехь. Гьел гIаммазулго гIадин кIалдир ругьунал рагIабаз дун гIемерал прикраби гьаризе тIамуна ва ракIалде щвана дицаги жиндир заманалда ракI магIарухъ тун букIараблъи, заманалъ бихьизабуна гьенибго хутIараблъиги.

… Дун гIуна миллатал журараб хъизаналда. Эмен – магIарулав, эбел кабардияй. Гьел дандчIван руго Ростовалъул университеталда цIалулеб мехалда. Цоцахъ рокьиги ккун, гIуцIун буго хъизан. ГIумру гьабулел ниж рукIана МахIачхъалаялда. Гьоркьо-гьоркьор Нальчикалдеги унаан, эбелалул гIагарлъиялъухъе, амма магIарухъе, инсул гIагарлъиялъухъе гIемер щолаан.

Дун инсуца, анлъго-анкьго сон баралдаса, щибаб риидал кIодохъе росулъе йитIулаан, эбелалъе гьеб кIудияб къабуллъичIониги. Дие бокьулаан магIарухъ, кидаго чIалгIун йикIунаан кIодохъ, росулъ ругел гьалмагъзабазухъ, гIагарлъиялъухъ. Рокьой абуни гIемериселъ цохIо хутIулаан дун.

Росулъ ракIбакъван, чIалгIунги хутIулароан, тIубараб къоялъ рукIунаан къватIир расандилел, унаан рохьоре, гIурухъе. КIодоца вацгIал ХIамидида тIадкъан букIунаан дир тIалаб гьабизе. Гьесги дун киса-киего цадахъ ячунаан. Гьедин кватIичIого дун ругьунлъана гъутIбузде харизеги, магIарде яхинеги. КIодо, дир кибниги тIанкI батани яги хъахIиллъун бихьани, ХIамидиде семулаан: «Щиб гьанже дица гьалъул эбел-инсуда абилеб?» - абун. Амма нижеда гьеб хехго кIочон толаан ва гIалахалде унаан, гIурухъе рекерулаан...

Цо-цоккун дир гьалмагълъи ясазулгунги ккана. Гьелгун ясандизе лъугьана. Амма ХIамидил гьудулзабаз дун «жидер васлъун» рикIкIунаан ва, гьесухъе рачIиндал, диеги рекIелгьей гьабулаан. Гьединго дир лъай-хъвай ккана ХIамидил лъикIав гьалмагъ АхIмадилгун. Гьев гIадатияв росдал васасулгун букIинисеб хурхеналде кинабниги щаклъиго букIинчIо.

Микьго классги лъугIизабун росулъе щведал дида АхIмад лъачIо. Цо лъагIалида жанив гьев кIудияв гIун, ворхалъун, хисун ватана. Росулъа ясаз дида абуна гьев ворхатав ва чIурканав гIолилав гIемеразе рекIее гIолилан. АхIмад, цевегогIадин, гIемер вачIунаан дир имгIаласул рокъове, ХIамидихъе. Гьезул къасд букIана школаги лъугIизабун кIиялго цадахъ университеталде цIализе лъугьине. Хадув, эменги захIматго унтун, АхIмад лъагIалица рокъов хутIана. Амма хIадуризе байбихьана цудунго.

- Гьев щуйилазда цIалана, гIицIго гIурус мацI буго дагьаб захIматаб предмет гьесие. Дуца кумек гьабилародаян вукIана гьев, гьабиларищ, Аминка? – ян гьикъана дида ХIамидица.

Дун гьираялда разилъана ва щибаб къоялъ АхIмадие кумек гьабулаан. Гьедин дидаго лъачIого ккун батана АхIмадихъ рокьи. Гьесие дун йокьун йикIинги лъазего лъалароан. Цо къоялъ гьалмагъ Раисатгун къотIноса унаго данде ккарал ясазда гьоркьоса цоялъ цо рагIи рехханa дида хадуйги ялагьун. Дида гьелъул магIна бичIчIичIо ва тIад юссун гьикъана: «Дидайищ мун?» - илан. «Уха, дуда! РачI хьвагIезабизе ячIун йихьуларищ! Дуда мунго бищунго берцинайиланищ ккарай? Шагьаралъул ясалгун гIицIго расандула васал!» - илан абуна гьелъ.

Гьеб мехалда Раисатица бичIчIизабуна: «Мадина йиго АхIмадил классцояй, гьелъул гьесухъ цебего рокьиги ккун буго ва гьанже щакдаризе лъугьун йиго. Дудаги бихьулеб гьечIищ АхIмадие мун йокьулей йикIин? ГьединлъидаIин гьес дуда цадахъ мацIалда тIад хIалтIеян гьарараб, жиндирго ункъгIал школалда гIурусмацI малъулей мугIалим йигониги. Дуда бихьулеб гьечIищ гьесул нижеда цадахъ бугеб аваданлъиги, мун йихьарайго нечейги? Балагьигицин батIияб буго досул дуде», - ян.

Раисат йитIарайги йикIана, АхIмадие дунги дие гьевги рокьулаан, киданиги гьелъул хабар гьабичIониги. Нижер цадахъаб цIалиги цоцада рихьизе ва аскIор рукIине бокьиялъ ургъараб гIадинаб жо букIана. ТалихIалъ, ниж цадахъ рукIиналъул ургъел букIунароан кIодоеги ХIамидил эбел-инсуеги. АхIмад гьезухъ жидерго вас гIадин вукIунаан. Дун шагьаралде унелъул АхIмадица абуна цо рокьуе мукIурлъарав гIадинал рагIаби:

–Лъазего лъачIого ана, Амина, гьаб кIиго моцI. ГIайиб гурищ мун нижехъе риидал гурони ячIунгутIи. Хасало щибха дуца гьаниб гьабилебги?

ТIубараб лъагIалица хъвалаан АхIмадицаги дицаги цоцахъе кагътал. Гьес щибаб къоялъ битIун бачIунаан, районалъул библиотекаялдеги ун хабар – сообщение. Гьениб гурони букIинчIо доб мехалда интернет.

Хадусеб риидал АхIмад вачIана университеталде заочно цIализе документал кьезе. Гьев жидерго гIагарлъиялъухъ рещтIана ва щибаб сордойил ниж телефоналдасан бухьеналда рукIунаан. Дагьалъ хадув вачIана ХIамидги ва нижехъ вукIунаан. Гьел кIиялго цоцаздаса тIоларoан. ГIемер унаан ниж

лъабалго паркалде тира-сверизе. АхIмад рекIее гIуна дир эбелалъеги. Амма, хадуй жийго мукIурлъухъе, вукIинесев дурцлъун гьелда гьев вихьулев вукIун гьечIо.

АхIмад университеталде ворчIана, дун йикIана гьесул иргадулаб сессия байбихьиялъухъ ялагьун, гьев шагьаралде вачIине ва вихьизе къваригIун. Нижеца цоцахъе сообщениял ритIулаан ва цо-цо телефоналдасанги кIалъалаан. Рокьул АхIмадица бицунароан, амма беразулъ бихьулаан гьесул дидехун бугеб асар. Цо нухалъ АхIмадица хъван бачIана: «Дир дудехун буго киданиги цониги ясалдехун букIинчIеб бербалагьи. Мун йиго батIияй, цогидаздаса лъикIай, тIокIай», - абун. Гьел рагIаби рагIидал, дие дунял талихIалъул цIуна.

АхIмад вачIана хасало сессия кьезе, ниж дандчIвана ва дун гьаваялдаса гIебеде йикIана. Цоги лъагIалидасан дирги лъугIана школа ва мединституталде цIализе лъугьана. АхIмадилги ХIамидилги сессиял бугеб мехалъ, кидагогIадин, ниж лъабалго цадахъ рукIунаан ва гьоркьо-гьоркьор кIиялгоги дандчIвалаан. ХIамидил нижеда щаклъараб жоги букIинчIо, амма гьев гьечIого ниж паркалде инеги бокьуларoан.

АхIмадил сессия бугеб заманалде ккана дун гьаюраб къо. Доб къоялъ нижехъ рукIана гIемерал гьалбал: классцоял, курсцоял, гIагарлъи, гьалмагълъи. Гьезда гьоркьов АхIмад вукIиналъ йохун йикIана дунги. Гьенир ниж кьурдана, гитара хъван кечI ахIана ва хадур караоке-клубалдеги ана. Дагьалъ нижгун клубалдаги вукIун, АхIмад ана, жиндир цо ишал ругиланги абун. Гьеб сордоялъ дагьав ургъалилъе ккарав гIадинги вихьулев вукIана дида гьев. Щиб ккарабин дица гьикъидал, жаваб гьабуна кинабго лъикI бугилан.

«Свакан ватила», - абун пикру гьабуна дица, радалисаго дир эбелалда ва ХIамидида цадахъ базаралдеги ун, къваригIараб тарабги бачIана. Хадуб нижер богорокъоб мебель къачIана. Эбелгун хабаралдаги вукIана АхIмад ва дун йохун йикIана гьезул гьоркьоблъи щулалбулеб бугилан ккун, ГIадада букIун бугоха.

АхIмад нахъе индал дунги пашманго гIадин лъугьана. БокьичIо тIокIалъ кьурдизе ва рекIегъеял гьаризе. Гьалбадерие гIолон хIаракат бахъулеб букIана, амма вокьулев камидал дир кеп биххана.

АхIмадил сессия лъугIизе хутIун букIанаункъо къо ва дида гьев вихьулев вукIана свакан. «Щиб лъалеб, цIали захIмалъун батила яги эмен унтун ватизе бегьула» - абун ургъулей йикIана дун ва дир суалазе АхIмадица жаваб гьабулаан кинабго лъикI бугилан. МагIарухъе ун хадуб гьес чанго къоялъ дихъе щибго хъвачIо ва ахIун бачIинчIо. Дицаго битIана сообщение, щайин гьедин хисун вугев, щибин ккараб абун. Заман гьоркьоб индал гьес жаваб гьабуна: «Эменги захIматго вуго, дунги регIулев гьечIо. ТIаса лъугьа. АхIизеги хъвазеги гьечIо. Гьениве щведал рихьила ва дица кинабго бицина», - ян.

Дун ургъаликье ккана, щибго бичIчIулеб букIинчIо. Баянаб жо букIана АхIмадил гIенеккун чIчIей инсул унтиялда бараб гьечIеблъи, гьев цевеги вукIана унтун. РахIатхун ялагьун хутIана дун гьесул баяналъухъ. МоцIидаса лъана АхIмадил эмен хваравлъи. Зигара гьабун хъвараб кагътиеги гьесул къокъабго жаваб бачIана, баркалагун.

ТIаде щвана рии… АхIмад вачIана иргадулаб сессия кьезе. Гьес дихъе ахIана ва дандчIвазе ячIаян гьарана. Дие бокьун букIана ккараб жо лъазе. Рокьидай лъугIараб? Цогияйдай йокьарай? Гьединал пикраби паркъелел рукIана дир ботIролъ. Ахирисеб божилъун хутIун букIана доб гьаюраб къо кIодо гьабулаго, дир цониги курсцоясулгун яги гьалмагъасулгун гьуинлъи батиялда щаклъизе рес бугин абураб. Гьалмагъ Саидацаги бачIинахъего гьедин абулеб букIана.

Ниж данчIвана паркалда… Эмен хваралдаса АхIмад



лъикІго хисун, хІалакълъун вугоан. Пашманго ва ургъалилъ вихьулев вукІана гьев.

Дица гьенибги гьабуна зигара, цІехана эбелалъул, яцазул хІал ва гьикъана:

- Щиб дуе дида абизе къваригІун букІараб? Бице, дида бичІчІила. Щибха букІинебги: рокьи свана яги букІинчІо, цогияй йокьана, дидаса лъикІай, ялъуни дур эбел данде чІчІун йиго нилъер рокьиялда, яги цогидабищ…

– ЩибгІаги гуро. Щийниги дандги чІвачІо дида, дудаса лъикІай йикІинеги ятиларо. Амма нилъ ратІалъизе ккола. Нилъ данде кколаро. Дица гьелъул пикру цебеги гьабулеб букІана, амма бажарилеб батилилан тун букІана. Эмен хвелин ва гІумру хисилин ккун букІинчІо. Дир йиго унтарай эбел, лъабго гьитІинай яц, инсул хутІарал къарзал ва цогидалги гІемерал масъалаби. Дида гьеб цебего лъазе кколеб букІунги батила, букІаниги дудаса инкар гьабизе бажарулеб букІинчІо. Баркала, дун ургъизе кумек гьабуралъухъ…

–Лъица кумек гьабураб дуе ургъизе? Дуца бицунеб щиб, дида бичІчІуларо!

–Нилъ тІуранго батІиял руго, дур эбел йитІарай йикІана. Цадахъ рукІиналъе нилъ кьучІдасанго хисизе ккелаан. Дие ругьунаб буго батІияб гІумру. Бокьиларо дие рокьи ккарай яс клубаздаги, кафеяздаги, пляжаздаги йихьизе. Бокьиларо гьелъ тІажу ретІине, черх бацулареб ретІел ретІун хьвадизе, рахунел жалаз къачІазе. Иш щакдариялъулъги гуро бугеб, дида лъала мун яцІадай цІодорай яс йигейлъи, бугониги дие щвараб тарбия буго батІияб. БатІияллъун рихьула нилъер хъизаналги, дие нужехъ эркенго букІунаро. Музеялда жаниве ккарав гІадин лъугьуна дун дова, яги цо кинабалиго лъикІаб хьвада-чІвадиялъул экзамен кьолев гІадин лъугьуна. Дие захІмалъула дур эбелгун гара-чІваризеги, дун нужехъ гІадин гІунун кивгІаги вукІунаро. Гьениб дида дир бакІ батуларо. Мун нижехъе ячІиндалги дун виха-хочун лъугьуна. Нужее гьаниб бухІараб лъим къотІиги къварилъилъун бугеб мехалда, ниж цІороралда хадурги ине ккола. Дица гьелъул пикру цебеги гьабулеб букІана, амма ракІалде кколеб букІана шагьаралде вахъинин, киве вугониги Севералде гІарац гьабизеги ун, гьаниб мина босилин ва гІумру гьабилилан. Эмен хвеялъ кинабго хисизабуна. Шагьаралде вахъинеги дир гьанже данде кколаро, гІагараб заманалда букІунеб жоги гуро. Дун вуго лъималазда гъорлъ цІикІкІарав ва дица гьел киналго тІуразеги ккола. Гьаниве вачІунги щиб дица гьабилеб: хІалтІийищ дихъ балагьун, жанив чІезе рукъищ? Гьеб киналдего дир берал рагьана дур эбелалъ. Баркала гьелъие, цІодорай ва лъикІай гІадан йикІун йиго, гьелъие бокьун гьечІо хадуб нилъер къисмат квеш ккезе. Гьедин абизеги абуна гьелъ. ЙитІарайги гьечІищха?

Дун кІвар кьун гІенеккун йикІана АхІмадихъ ва хІал бихьулеб букІана гьев витІарав гьечІилан бичІчІизабизе, амма кинго бажарулеб букІинчІо.

–Дур эбелалда ракІ хвараб жоги дир щибго гьечІо. Гьелда лъикІ бихьулеб буго нилъеда бичІчІуларебги ва гьелъ цІакъ битІун абуна: «Хадуб дудаго бихьила дица абухъе кколеб букІин ва кинго бажаризе гьечІо Аминка талихІайлъун гьайизе. Гьей кидагІаги ругьунлъиларо росулъ бугеб гІумруялде, доб язихълъиялде ва захІмалъабазде. Гьеб киналдего тІаде, нужеца гІумруги гьабизе ккезе буго эбелалда ва яцазда цадахъ. ГьабсагІаталъ гьелъул ботІролъ рокьул гьури багъун буго ва гьелда щибго бичІчІуларо. Хадуб абуни гьелъие бокьизе гьечІо росулъе инегицин, щайгурелъул гьениб рес букІунаро цеетІезеги лъикІаб хІалтІи щвезеги. Мединституталдаги гьей анлъго соналъ цІализе ккола очно. Гьеб кинабго хІисабалде босичІого гІоларо».

Бицеха, щиб дица гьабилеб? Шагьаралъул гІумруги цІалиги тун дида цадахъ магІарухъе йилъайиланищ абилеб? ТІокІаб гьабизе жо дидаги лъаларо.

Дун гІодилей йикІана, АхІмадида абизе жоги лъаларого. Бихьулеб букІана гьев витІарав вукІин. Щиб дицаги гьабизе букІараб гьевгун ратІалъиялъе ругел гІиллаби лъугІизариялъе? АхІмадги сихІ тун дихъ валагьун чІана ва бихьулеб букІана гьесие дун тезе захІмалъиги ва гьебго заманалда хІукму гьес гьабун букІинги.

– ТІаса лъугьа, Амина, гІодуге мун. Мун лъикІай яс йиго ва цадахъ ругони нилъеца цоцазул гІумру хвезабизе буго.

Гьелдаса хадуб чанго къо гІодилаго ана дир. Дида цебе чІчІолеб букІинчІо вокьулевги гьечІого хутІи. Эбелалъ хІаракат бахъулеб букІана дун гІодое йиччазайизе, амма гьелъулги дие асар кколеб букІинчІо.

КІиго анкьидасан, экзаменалги кьун, АхІмад росулъе ине кколаан. Дица гьесие имгІаласул кІалтІа нух ккуна ва абуна дун хІадурай йигин кинабгоги тун росулъе яхъине ва гьениб гІумруги гьабизе. Лъазабуна кинабго гьесие бокьухъе гьабизеги бугин.

Гьеб хабар бицунаго дун гІодилейги йикІана. АхІмад таманаб заманялъ дихъ валагьун вукІана ва циндаго дун чІван лъураб жаваб гьабуна:

–ТІаса лъугьа… Дица бачІинахъего рагьизе кколаан дуе аслияб гІилла. Мун лъикІай яс йиго, Амина, дуда дурго талихІги батила. Дида абуни бичІчІана мун йокьуларейлъи ва нилъеда гьоркьоб щибго букІине рес гьечІеблъи…

Хадуб баянлъана дун йокьуларилан гьес, дир эбелалъул гьариялда рекъон, дун бигьаго жиндаса рикІкІалъизе, абураблъи.Дида гьеб унтана ва захІмалъана. Дун унтана, цІа-кан бахана, эхебе квен унеб букІинчІо, гІемерал тохтурзабазухъе ячана, киназдаго бихьулеб букІана дун кьертІун ва хІалакълъун лъугьуней йикІин…

КІиго сонаалдасан дун абуна шагьаралда гІурав гІадлуяб ва рес бугеб хъизаналдаса, лъай бугев лъикІав гІолиласе. Эбел йохун йикІана, гьале дов дир ясалъе данде кколев бищунго лъикІав гІолилавилан ва гьес дун талихІайлъун гьайилин. Дунги разилъана, кинабгІаги рокьи букІинчІониги. Квер дица гьесухъе кьуна, амма ракІ кьезе бажарулеб гьечІо, кигІан гьев лъикІав вукІаниги. РакІ дица магІарухъ тана, дир тІоцебесеб ва ахирисеб рокьи бугеб бакІалда.

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**

# ХАЛКЪАЛЪ ГIАДАТАЛ ЦIУНАНИ, ГIАДАТАЗ ХАЛКЪГИ ЦIУНУЛА



**Дица гIезегIанал сонагли рана, бетIерги хъахIлъана, бихьаралда ва лъаралдаги рекъон кьола лъугьа-бахъунебщиналъе къиматги. БитIун пайда босани, гIумруялъул хIалбихьи буго гIакълуялъул нахърател.**

КIудадацаги дахIабабацаги тарбия кьун гIурал лъимал батIиял рукIуна, гьел ратIарахъизецин лъала. Гьел лъимал рукIуна цIодорал, гIаданлъи бугел, цогидазул тIалаб-агъаз гьабулел, бокьараб ахIвал-хIалалда гьабизе кколеб жо лъалел, нахъгIунтIарал. Нилъеца гьаниб бицен гьабулей Умукусумги гIуна, жинцаго гьелъ хIеренго абухъе, кIодоэбел Муслимат – Ижада аскIой. Кутакалда хирияй йикIана кIодое гьей ва гьаб дунялалда кинабго нилъеего тIадбуссунелъул, малъулаан пикраби лъикIал ралагьизе, рагIаби хинал ратизе, ишал пайдаял гьаризе.

Муслимат – Ижаца гьелда абулаан: «ГьетIараб тIилалъул битIараб рагIад лъугьунаро», «Нилъеца хьаралда рекъараб гурони бачIинги щоларо», дир ясилан. Вай дой йикIарай йитIарайха. Умукусумида гьеб гIумруялда бихьана ва бичIчIанаум умузул гIакълу гIасрабазулаб хIалбихьи букIин.

Гъаякент районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулей Умукусум ГIабдулбасировна Агъаева ккола кIиго районалъул яс: Гъарабудахкенталъул ва Гъаякенталъул. Эбел Розия Гъаякенталдаса ккола, эмен ГIабдулбасир Гъарабудахкенталдаса. Гьелъул эбел-инсуца ракьалда лъикIаб лъалкI тана. ГIадамазда кIоченчIо гьезул пайдаял ишал. Ясалъги ритIухъ гьабулеб буго гьезул анищ.

Умукусумица гIарцулаб медалалда лъугIизабуна Гъаякенталъул гьоркьохъеб школа. Гьенийго машгъуллъана тIахьал цIалиялде. Школа лъугIидал хIалтIизеги библиотекалде ана. Гьелъ гIемер абула тIахьал гьечIого гIумру гьабун бажаризе букIинчIилан ва ракIалде щвезарула: «Библиотека – ккола инсанасул рухIияб бечелъиялъул кинабго хазина жаниб цIунараб бакI», - илан Готфрид Лейбницил рагIаби.

Умукусум ГIабдулбасировналъ нухмалъи гьабулеб букIараб районалъул лъималазул библиотекаялда кидаго букIана творчествоялъулаб ахIвал-хIал, рокъоб гIадинаб квегIенлъиги хинлъиги. Лъимал библиотекаялде рачIунаан хIеренай хIалимай Ума-ункъачухъе. Гьелъ киназего бикьулаан рокьи ва кумек гьабулаан къваригIараб тIехь батизе.

Гьелъул жигарчилъи киналъего гIолаан – хIалтIуе, жамгIиял ишазе, хъизаналъе, цIалиялъе. ХIалтIиялда цадахъго гьелъ лъугIизабуна ДГУялъул филологияб факультет. Йищана районалъул культураялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъул председательлъун. Кинабго къуватги бажариги гьелъ кьолаан гIадамазе. Гьединаб ракIбацIцIадаб захIмат бихьичIого хутIуларо. 2014 соналъ Умукусум ГIабдулбасировна тIамуна Гъаякент районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулейлъун.

ЦIияб хIалтIуде ячIаралдасаго байбихьана Умукусумица культурияб гIумру

цебетIезабиялъул пропаганда хIалтIизабизе. РакIгIатIидай ва рахIат гьечIей гьелъул кидаго рукIуна лъикIал пикрабиги мурадалги. Кинабго гьебги батана цIияб ишалъе кумекалъе. Умукусум ГIабдулбасировналъ хIаракат бахъулеб буго халкъалъул культуриял гIадатазда рекъон гIадамал гъункизаризе, гIагараб ракьалдехун рокьи щула гьабизе. Гьелъ кинабго ургъула гIадамазда дандбан, гьеб гIумруялдеги бахъинабула гьезул кумекалдалъун. ГьединлъидаI кидаго лъикI уна районалъул тадбирал ва республикаялъул тадбиразда гIахьаллъи.

Умукусум Агъаевалъул буго жиндирго хасаб хIалтIи гIуцIиялъул къагIида ва гIемерал соназ гьелъ рихьизарулел руго лъикIал хIасилалги. Киназдаго лъала гьелъ гIуцIараб «Гъаякент» абураб бихьиназул хор. Гьенире гьелъ ракIарана районалда бищунго лъикIал гьаркьалги гьунарги бугел кочIохъаби. «ГIадамазе хабар бицине лъай – гьеб гьунар буго», - ян абуна Стендалица. Гьединаб гьунар буго Умукусум ГIабдулбасировналъулги.

2016 соналъул ихдал «Гъаякент» хор мустахIикълъана «Халкъияб» абураб кIудияб цIаралъе. Унгоги гьелъулъ бихьула гъаякенталъулазул рухIияб бечелъи, гьелъ лъугьинабула аваданаб ахIвал-хIал. Халкъалъ жидерго гIадатал цIунани, гIадатаз халкъги цIунула. Жакъа гьеб хор лъугьун буго Гъаякент районалъул визиткалъун ва лъикI лъала гьеб район тун къватIибги.

Умукусум ГIабдулбасировнаялъул кIвахI лъалареб хIаракатчилъиялъ хIикмалъизарун руго гIадамал. Гъаякент районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Ольга Ибрагьимовалъ абуна: «Кинаб бокьаниги ахIвал-хIалалда мугъчIвазе бегьула гьелда ва гьелъ кумек гьабичIого щивниги толаро. Умукусум йиго унго-унгояй Гъаякент районалъул патриот, гьелъул кинабго хIаракатчилъи буго гIагараб район цебетIезабиялде буссараб.

Жийго Умукусумица рикIкIунеб буго хIалтIи лъикI ине бокьани гьаваялдаса рукIине бегьуларила, тIаделъун хIалтIи гьабизе кколилан. Гьелъ хIаракатчилъиялъ рагьараб, Россиялъул миллатазул культураялъул Центр хIалтIулеб буго ЦIияб Гъаякенталда. Гьениб жаниб буго бихьиназул «Гъаякент» ва руччабазул «Бюлбюллер» хоралги, вокалиябгун хореографиялъулаб ансамбльги, «ХъахIилаб хIинчI» абураб лъималазул театрги. Гьебго Централда цебе гIуцIун буго лъайкьеялъул культурияб Центр «Этнодвор». Гьенир тIоритIула мастер-классал, ругьун гьарула халкъиял махщелазе. Гьанже гьеб централъ гIахьаллъи гьабула республикаялъул ва районазул фестивалаздагун конкурсазда.

Умукусум Агъаевалъул ккола «Культуриялъулгун искусствоялъул лъикIав хIалтIухъан» абураб номинациялда «ЛъагIалил инсан – 2016» абураб премиялъул Лауреат ва гьединго гьелъие щвана «Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIарги.

Умукусум Абдулбасировна гIемерал цадахъ хIалтIулезеги ракьцоязеги лъугьана, хIалтIи цебетIезабиялъул ва захIмалъаби къезаризе бажариялъул, мисаллъун. Чаран багIариялъ гIадин, инсан захIматалъ лъадарулевлъи бихьизабуна гьелъ.

**ПатIимат ТАЗАЕВА**




**P.S.** Заманалда рекъон ахIвал-хIал бокьараб лахIзаталда хисизе рес букIуна. Жакъа кигIан къуваталги кутакалги ругониги, метер букIинесеб лъиданиги лъаларо. ЦохIо гъветIалъул гьабизе бегьула азарго спичкадул гIучI ва цохIо спичкадул гIучI гIола гъветI тIубанго бухIиялъеги. Хъачагълъи гIемерлъараб араб гIасруялъул 90 соназул заманалда нилъеца кинабго лъикIалда тIасан хIучч цIана, гьелдаго цадахъ гIасрабаз гIуцIараб нилъерго культураялдаги. Амма тIегьалеб буго нилъер халкъалъе хасиятаблъун кколареб культура. ТIубараб гIел гIолеб буго жидерго гьунарал рагьичIого, рагIизаричIого, лъачIого. Гьединлъидал къваригIун руго Умукусум Агъаева гIадинал бажариги жигарги бугел гIадамал, гьезул бухIулеб рекIел кIвахI лъалареб захIмат буго жакъа гIаммазего хIажат.



# ХIАЛТIИГИ ГIУМРУГИ РЕКЪОН БАЧУНА

ГIашура МухIамадовна Александрова ккола Дагъистаналъул мустахIикъай экономист. Гьелъие щун руго «Россиялъул МЧСалъул бищун лъикIай финансист», «ЦIа ккеялдаса цIунулезул лъикIай хIалтIухъан» абурал цIарал ва гьей ккола жанисеб хъулухъалъул, отставкаялда йигей, подполковник. МЧСалъул хъулухъазда хIалтIун йиго 35 соналъ.

**– Дурго хIалтIул бицани бокьилаан..**

– Дир буго пайдаябги лъикIабги хIалтIи. ЦIа свинабулезул ишалъулъ экономическиябгун финансазулаб хьезабиялъул кIудияб кIварги буго. Гьеб бугелъулха нилъер гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъулъ кIудияб бакI кколеб хъулухъ. Гьелдаса хирияб жоги щиб букIинеб? ГIаммазего къваригIараб хъулухъ буго нижер.

**– Щиб дуе гьеб ишалъуъл бокьулеб?**

– Романтика батилаха. Дида ккола жибго нижер ведомство романтикаялъ сверун ккураб бакI бугилан. Нижер спасателалги дунялалдаго лъала! Гьел руго унго-унгоял бахIарзал! Гьединго, диеги бокьула, гIицIго документалгун хIалтIизе гуребги, гIадамалгун гара-чIваризе. ЧIагояб гара-чIвари дир хIалтIуда камуларо.

**– Дур хIалтIулъ бищунго захIматаб жо щиб бугеб?**

– Бищунго захIматаб жо буго дие жавабчилъи. ЦIар кIудияб бугебгIан цIикIкIуна ишалъул жавабчилъиги. Дунги, отставкаялда йикIаниги, подполковниклъидал, диде тIадеги гьеб гIемераб ккола. Нижее киназего кIвар бугеблъун буго: «Цебеккунго лъазаби, хвасар гьари, кумек» абураб гьа ва ниж киналго кидаго хIадуралги рукIуна кумекалъе рахъине.

**– МЧСалъул ведомство гIуцIидал чан чIужугIадан гьений йикIарай?**

– АнцIгогIанасей. Жакъа абуни гIицIго цо Дагъистаналъул БетIераб управлениялда хIалтIулей йиго кIинусгогIанасей чIужугIадан.

**– Щал специалистал гьел кколел?**

– ЦIа ккеялдаса цIуниялъул ва хвасар гьариялъул частаздаги, цIа свинабизе хIадураб хъулухъаздаги, диспетчералги, дежурниялги ва гIемерал цогидалги. РакIалде ккоге гьеб бигьаяб хIалтIи бугилан. Бищунго цебе цIа ккеялъул хабар лъала дежурствоялда ругел диспетчеразда. Гьезул хIаракатчилъиялда ва жавабчилъиялда бараб букIуна хадубккунисеб ишги. Гьединго МЧСалда гIемерал руччаби руго кадраздаги, финансазул отделаздаги, медицинаялъул, психологиялъул ва информациялъулал хъулухъаздаги. Нижер пишацояз абухъе, бихьинал цIа свинабулел ва гIадамал хвасар гьарулел рукIуна, гьебго заманалда руччабаз кинабго кумекалъулаб хIалтIи тIубазабула. Министерствоялъе кIудияб кIвар буго щибаб гьеб хIалтIул бутIаялъул.

**– МЧСалъул хъулухъазда хIалтIизе бокьаразул киналгIаги хассал тIокIлъаби рукIине кколищ?**

– Гьай-гьай ккола. Гьел рукIине ккола рацIадал, гIадлуял, ватIаналде рокьи цIикIкIарал, бахIарчиял гIадамал. Кинаб букIаниги ракIалда гьечIеб ищ, яги балагь ккани, гьел хIадурал ратизе ккола кумекалъе рахъине. Гьединаллъун ратани, бегьула МЧСалда хIалтIизе рачIине.

**– Мун хъулухъ гьабулеб заманалда жаниб министерствоялъул хIалтIулъ хиса-баси кканищ?**

– Ккана. Ахираб заманалда гьениб хIалтIизе гIезегIанго захIмалъана.

**– Нужер хIалтIулъ щвараб хIалбихьи гIумру гьабиялъе кумекалъе батулищ?**

– Кутакалда батула, гIадлуялда рукIине куцала. Рокъобги кинабго букIине ккола бакIа-бахарун, гIуцIа-къотIун, рекъезабун, бацIадго ва хIадурго. РацIалъи, гIадлу, мухIканлъи, хIадурлъи, жиндир заманалда иш тIубай – гьеле нижер хасият.

**– Рукъалъул хIалтIиялде регIулищ, эркенаб заманалда щиб гьабулеб?**

– Киналдего регIула, заманалъул къимат гьабизе лъалелъул. Эркенаб заманалда бокьула тIагIамал квенал гьаризе, цо-цо мехалъ хIалтIудегицин босула. Гьединго, рокъоб буго ах-хур, гьенир хасалогицин гIезарула тIугьдул ва гIодобкари. Амма сундасаго цере ккола дица лъимал ва лъималазул лъимал. Гьел руго дир рохелги чIухIиги.

**– Лъимал дур нухдаса арал ругелищ?**

– Руго, амма киналго гуро. КIудияв вас Альберт дида цадахъ хIалтIулев вуго. Гьев ккола цIаязде данде хIалтIулеб хьулухъалъул кIудияв офицер, ДРялъул мустахIикъав спасатель, техническиял гIелмабазул кандидат. Санкт-Петербуралъул цIаязде данде рагъ гьабиялъул институтги лъугIизабун, гьев чанго бакIалда, МЧСалъул нухмалъиялъулал хъулухъазда вукIана. АнцIго соналъ цебе хъулухъ тIубалаго травмаги ккун, пенсиялде ана.

**– Щиб ккараб?**

– 20I2 соналъул I4 августалда, Дагъистаналъул медакадемиялъул ункътIалаяб минаялда рекIараб цIа свинабулаго, гьев ккана тIохдаса ртулел рухIулел рахазде гъоркье ва хIатIалги рухIун, гIемераб заманаялъ МахIачхъалаялда ва Москваялда больницабазда вукIана. ХIажалъана къогоялдаса цIикIкIул операция. Гьелдаса хадуб, 20I3 соналъ пенсиялдеги витIана.

Яс Анжелацаги босана дир пиша. ХIалтIизе лъугьана нижерго финансазулабгун кадразул хъулухъалде, хадуй тана финансазул ва материалиябгун техникияб рахъалъ хьезариялъул отделалъул начальниклъун. Чанго соналъ цее гьеб хулухъалдаса гIодойги чIчIун, жиндирго финансазулгун аутсорсингалъул ишги рагьун йиго.

ГьитIинав вас Рабадан ккола тохтур, ортопед – травмотолог. ХIалтIулев вуго Москваялъул пачалихъияб больницаялда. Гьединго гьев вуго, жалго бетIергьанаб, гIемерал унтаби сах гьарулеб клиникаялъул нухмалъулевлъунги.

Дир лъабго лъималги анкьго лъималазул лъималги руго. Нижер эбел-инсул абуни ниж рукIана анцIгоял.

**– Эбел-инсул хIакъалъулъги бице...**

– Эмен хIалтIулев вукIана Хайдакъ районалъул Баршамай росдал гIи-боцIул фермаялда ва чанги рохьдодаги вукIунаан. Эбел – рукъги тIубан, лъимал гIезарулей йикIунаан. Цо-цо гьоркьоб, гьей хурие индал, рукъалъул хIалтIи, щуго-анлъго сон баралдаса, диде тIадеги кколаан. Дие бокьулаан эбел-инсуе кумек гьабизе ва хIаракат бахъулаан гьезул гIумру дагьабгIаги бигьалъизабизе. Анлъго сон баралдаса дун, чIахIиял руччабигун, лъелго, анцIго километралъул манзилалда Маджалисалде хьвадулаан, хIан бичизе. Эбел-инсул абизегIанасеб хъаравуллъи гьечIониги, нижер киналго лъимал лъикI цIалулаан. Росуцояз абулаан: «Балагье, кигIан гIадлу бугел лъимал гIолел ругел МухIамад ГIалишиховасул», - илан.

Умумуз нижеда малъана кIудиязул адаб цIунизеги, гIисиназул тIалаб гьабизеги, хьизанги, рукъги, ВатIанги бокьизеги, гьеб цIунизеги, захIматалъукьа хIинкъунгутIизеги. БатIайиса абуни, гьез малъана нижеда талихIаллъун рукIине.

**– Щиб жоха гьеб талихI кколеб, дур хIисабалда?**

– Унго-унгояб талихI буго гьираялда хIалтIудеги унел ругони, рохалил асаргун рокъореги руссунел ругони. Ниж бухгалтераз абухъе, хIалтIиги гIумруги рекъон бачине ккола цебе. Диргоги буго гьадинаб талихIалъул формула: диегоги хилиплъичIого, дида тIад къараб иш ракIбацIцIадго тIубай.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



«ГIемеразда ракIалде ккола бухгалтер – кагътазда жанив къарав вакъварав чи вукIунилан. Амма Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналъул БетIераб управлениялъул финансазулгун экономикияб хъулухъалъул нухмалъулей ГIашура Александрова якъварай бюрократ – хIисабчIужу гьечIоан».

«Гьей йиго гIадамазулъ къадру бугей, жиндиего къимат лъалей, гIемераб жо бажарулей гIадан. Ирсалъе щун гуреб, кумек балагьун гуреб – жигараб хIаракаталдалъун».

«ГIашура МухIамадовна божулей йиго ритIухълъи букIиналда ва лъикIлъиялъул къуваталда. Гьелъул гIумруги буго жинцаго гьабулеб лъикIлъиялъул матIулъун».

«ГIашура Александрова гIицIго иш лъалей ва лъай бугей специалист гурейги, лъикIай инсанги йиго. МагIнаяб хабаралъул, жиндирго пикру бугей ва ургъел бикьизе бегьулей гIадан йиго гьей».

«Нижер бетIерай бухгалтер йиго гIумруялъул къиматги лъалей, гIадамалги рокьулей, ракIги гIатIидай, гIамалги берцинай гIадан. Гьелъие бокьула жиндирго хъулухъ. ГIемерал соназ хIалтIун гьелъие цоники тIасанкIалъайгицин щун гьечIо. Кидаго якIа-яхарарай, мухIканай ва абизе рагIи гьечIеб гIаданлъиялъул гIадан ккола гьей».

# ГЪИРАЯЛДА УНА ХIАЛТIУДЕ!

ТIадеялдаса тIаде гIемерлъулеб буго нилъеца Интерненталда жаниб балеб заман. Амма тIехьалъги, цебего гIадин, гIемеразул гIумруялда жаниб кIудияб бакI кколеб буго. Гьединлъидал библиотекабазул кIудияб кIвар буго. Гьез нилъее кумек гьабула къваригIараб тIехь батизеги гьел тIахьал цIунизеги.

Библиотекабазул жакъа кинаб ахIвал-хIал бугебали бицунеб буго Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб библиотекаялъул ватIан лъазабиялъул ва миллияб литератураялъул отделалъул нухмалъулей Тамила ХIабибулаевна ХIасанбековалъ.

**–Дур хIалтIи тIаса бищиялъе тIехь цIакъго бокьизе кколеб батила?**

–БитIарабха, дие гьитIингоялдаса бокьулаан цIалдезе. Гьединго библиотекарлъун яхъине анищги цудунго бижана, амма дида кколароан гьеб анищ тIубалилан. Щвана мурадалдеги ва гьале 25 сон ун батана гьаб хIалтIуда. Дие дирго хIалтIи кутакалда бокьула ва щибаб къойил гъираялда ячIуна хIалтIизе.

**– Библиотекаялда кидаго букIуна сихIкъотIи, гIадамал рукIуна цIалдолел. Гьединаб мехалда ракIгъоларого рукIунарищ нужго?**

– РукIунаро. Гьеб сихIкъотIиялда нижеца гьабула гIемераб хIалтIи: заявкабазда рекъон бакIарула литература, кьола тIахьал, гьабула тIахьазул хIисаб, гьел тартибалде ккезарула, хIадурула церелъеял. Дица нухмалъи гьабулеб ватIан лъазабиялъул ва миллияб литератураялъул отделалда цебе лъураб масъала буго умумузул культура ва гIадатал рилизе тунгутIи ва гьелъие шартIал цIуни. Гьедин нижер библиотека лъугьана батIи-батIиял гIелазул гIадамазе – школлъималазе, студентазе, интеллигенциялъе тадбирал тIоритIулеб бакIлъунги. Мисалалъе, дица бицуна, дунялалда бищунго захIматаздаса цояблъун рикIкIунеб мацIалъул миллат – Табасараналъул, гьезул мустахIикъал махщалилазул, дунялалдаго цIаррагIарал халичабазул, берцинаб тIабигIаталъул, лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ. Нижер отделалъ квербакъула гургинал столал, тIахьазул авторазулгун дандчIваял, библиотекаялда жанир экскурсиял тIоритIизеги.

**– Библиотекаялде рачIарал цIиял тIахьал кин нужеца цIалдолезда рагIизарулел?**

–Нижеца конференц-залалда тIоритIула тIахьазул презентациял ва лъагIалида жаниб цо нухалда букIуна ТIолгороссиялъулаб «Библионочь» акцияги. Байбихьуда гьеб рагIи цо батIаго гIадин рагIулаан. Гьебго заманалда гьелъ цIалдолезул кIвар жиндехун бусинабула ва ургъизе тIамула, щибдай гьеб кколаян. Гьединго гьениб рес ккола библиотекаялъул киналго отделазулгун лъай-хъвай гьабизе. Сордо буго рахIатаб заман, кирего хIалакинчIого, тIахьазул рокъоб рогьаниги бегьулеб.

**– ГIемерал ругищ нужехъе цIалдезе рачIунел гIадамал?**

– Руго гIадамал, гIемерал ругилан абиларо. Гьанже гIадамаз гIемераб заман Интернеталда жаниб тIамула. ЦIалулебги хъвалебги гьениб гьабула. Амма тIахьал гьечIого гIоларелги руго, гьединазе библиотекаги къваригIуна.

**– Кин дуда бихьулеб электронияб тIехь кагътилалдаса лъикIабилан рикIкIин, дуцаго пайда босулищ гьеб форматалдаса?**

–Квещ бихьуларо ва дицаги хIалтIизабула. Смартфоналги, планшеталги, электрониял варианталги ккола кагътилаб вариант тIахьаздаса ракI буссиналъул рахъги. Кодобги ккун цIалдезе бигьаго буго, библиотекаялда гIодорги чIчIун цIалиялдаса. Амма кодоб тIехьгун цIалдезе бокьулезеги рес цIунизе ккола.

**– Дур пикруялда, кинаб букIинесеб бугеб библиотекабазул?**

–Дида ракIалде ккола библиотекаби тIагIун инарин. Гьезул хутIила кIиго формат. Гьанже библиотекаби лъугьунел руго, тIахьал цIалиялдасаги цIикIкIун, гIадамал гара-чIвариялъе данделъулеб бакIлъун.

Дие бокьилаан библиотекаби ругебго,киналго гIелазе данде кколеб хIалалда цIунизе ва киназулго мурадал тIуралелллъун рукIине. Амма дунял тIубанго Интернаталде буссун бугелъул, хисизабизе бажарулеб жоги гьениб гьечIелъул, гьединабго нухдасан ине ккезе буго библиотекаги. Нижеца рагьун буго Интернет – ресурсазул отдел. Гьениб рахIатаб сихкъотIиялда къваригIараб информация балагьизе кумек гьабула специалистаз.

**– Гьанжесел библиотекабазул бищунго кIудияб гIунгутIи щиб?**




–ЦІалдолел гІадамал дагьлъулел рукІин буго. Цере чІахІиялги гІисиналги рачІунаан нижехъе, гьанже гьел ахІизе ккола. Гьединго лъикІал библиотекаралги гІолел гьечІо, вузаз гьел хІадур гьарулел ругониги.

**– Гьанже библиотекараллъун цІализе унел чагІи щал кколел?**

– Гьеб тохлъукьего тІаса бищулеб иш гуро. Библиотекараллъун цІалула тІахьал рокьулел яги библиотекабазда хІалтІулел ругел ва профессионалияб лъай босизе хІажалъи ккарал гІадамал.

**– Кинав вукІине кколев нилъер заманалда библиотекарь**

–Унго-унгояв профессионаласухъа бажаризе ккола заманалда рекъон хІалтІи гІуцІцІизе. Гьев вукІине ккола творческияв чи. Бажаризе ккола командаялда цадахъ хІалтІизе, проектал гьаризе, гьел гІумруялде рахьинаризе. Гьев вукІине ккола кидаго цІалделев, щайгурелъул гьениб хІажалъула тІахьазулги журналазулги хІакъалъулъ цІиябщинаб лъазабизе. Дие бокьилаан нижер хІалтІи кидаго гьираялда гьабулеб ва хайир кьолеблъун букІине. Нижер хІалтІухъаби киналго руго жидерго иш лъалел ва бокьулел. Библиотекарас щибаб хІалтІул къоялъ щиб букІаниги цІияб жо рагьула ва гьев киналдаго хадув гъун вукІине ккола, цІалдолезе кумек гьабун бажаризе.

**– Щиб гьанже гІадамаз гІемерисеб библиотекаялда цІехолеб?**

–Нижехъе гІемерисел классикаялда хадур рачІуна.

**– Дуе бищунго бокьулеб тІехь кинаб?**

– Бигьаяб суал гуро… БатІи-батІияб ригьалда батІи-батІиял рокьулаан гьел дие. Тамила – цІалдохъаналъе бокьулаан Лев Толстоясул «Война и мир», Тамила – студенткаялъе – Джон Голсуорсил «Сага о Форсайтах», гьанжесей Тамилае бокьула Расул ХІамзатовасул «Дир Дагъистан».

**– Дунялалъул, гІурусазул ва дагъистаналъул литератураялда бищун лъикІал хъвадарухъабилъун щал дуца рикІкІунел?**

– Гьанжесеб дунялалъул литератураялда бищунго цІалулей гІадан ккола Джоан Роулинг. Гьелъ бижизабуна цІалдеялде гьанжесел лъималазул рокьи ва гьелъул герой Гарри Потер школьниказдаги пенсионераздаги лъала.

ГІурусазул хъвадарухъабазда гьоркьов дида гьединавлъун вихьула Борис Акунин. Гьесул буго классикияб мацІги, цІализе гьира баледухъ хъвала нилъер улкаялъул тарихалъул ва культураялъул хІакъалъулъги.

Дагъистаналда хъвадарухъаби цІи-цІиял раккула. Дие рокьула нижер табасараназул хъвадарухъабиги поэталги. Гьел гьираялда дандчІвала цІалдолелгун, цІунула рахьдал мацІ.

**– Вирусалда хурхун гІорхъичІваязул заманалда,нуж цІалдолелгун кин хІалтІулел рукІарал?**

– Гьеб ахІвал-хІалалъ нижер хІалтІи тІубанго хисизабуна. РачІине ккана рикІкІадасан (онлайн) бухьен ккевялде. Гьелде ругьунлъизе бигьаго букІинчІо, амма тІолабго коллектив гъеж гурун тІаделъана цІияб къагІидаялда иш гІуцІиялде. ТІоритІана онлайн – лекциял, викторинал. Гьеб мехалда нижеда бихьана рикІкІадасан кколеб бухьеналъ, хІатта больницаялда яги санаториялда ругелгицин, гІадамал гІагар гьаризе бегьулеллъи.

Дица Дагъистаналъул киналго гІадамазе гьарула сахлъи, рохел ва хабар лъикІаб рагІаги. Нижерго ищцоязе кьеги жигарал цІалдолелги, хутІугеги хІалтІи гьечІогоги!

**Виолетта РАТЕНКОВА**




## ЖИЛДАЛДАСА ГІАДАН

Гьале гьай 1975 соналъул «МагІарулай» журналалъул жилдалдаги. Гьелдаса бащадаб гІасругІанасеб мех ун буго.

– Журналалъул фотокорреспондент вачІана цо къоялъ дун бищунго журналалъе данде кколей кандидатура йигилан. Гьесда ракІалде ккун батилаха гІолохъанай гІалимчІужу – биолог микроскопалде тІаде къуларай йикІине кколилан. Гьедин бахъараб гьаб сурат хутІана доб заманалъул калькалъун. Гьелъулъ батила сураталъул къиматги. Авторасда бажарун буго лъабкъоялда анцІабилел соназул романтика бихьизабизе.

– Доб заманалда дун йикІана биологиял гІелмабазул кандидат, кафедраялъул ассистент, – илан бицана Изабелла Хайрутдиновналъ.

– Биологглъун яхъине гьира кинха дур бижараб?

– Эмен – Хайрутдин Эффендиевич машгъуллъун вукІана, жеги гІолохъанал гІелмаби – биология, генетикаялде. Доб заманалда гьез тІубараб черхго лъазабулаан, клеткабазул ва молекулазул роценалда. Гьес тІамуна дунги биологическияб факультеталде лъугьине.

Инсуца кІудияб бакІ ккун буго Изабелла Хайрутдиновналъул гІумруялда жаниб. Гьединго, киналго рахъазул лъай щварав чи

# ТАЛИХІАБ ЦІВАЯЛЪУЛ КАНЛЪИ...

– Берцинаб цІар буго дур... - Изабелла...!!

Гьай елъана: - БитІараб цІар дида Издаг буго – кІодоэбелалъул цІар. Факультеталда цадахъ хІалтІулез гьедин хисизабун ана ва ругьунлъун ккана, – ян.

ЦІар абуни гьелда цІакъ рекъонги буго. Гьей йиго хІикматай, соназухъ балагьичІого, кидаго чІурканай ва гІумруялъул тІагІам босизе лъалей гІадан. Рилълъинги буго гІолохъанай ясалъул гІадинаб, тІадагьаб.

хІисабалда, гьес кьучІ лъун буго Дагъистаналда терапия цебетІеялъе, гІуцІун букІун буго терапевтазул школа. Инсуца бищунго къиматаб шапакъатлъун рикІкІунаанила жиндие щвараб «Дагъистаналъул халкъияй тохтур» абураб цІарилан бицана Изабеллаца. Инсуда рельинчІого йикІинищ гьезул тІоцеесей, бищунго йокьулей, яс, чІухІичІого вукІинищ гьелдаса?

– Киданиги ракІбухІичІо дир гІелмуялъул нух тІасабищиялдаса, – ян абуна Изабелла Хайрутдиновналъ.

Гьелъ гъираялда бицунеб буго жиндир гIелмиял хIалтIабазулги хIалтIулеб кафедралъулги хIакъалъулъ. ДГУялъул биологическияб факультеталъул, хурдузул физиологиялъул ва эволюциялъулаб теориялъул кафедралъе гIемерал соназ нухмалъи гьабурав, «Эволюциялъулаб теория» абураб цIалул тIехьалъул автор, мунагьал чураяв ГIабдулмалик Юсуфовасул нухмалъиялда гъоркь хъванила жинца гIелмиял хIалтIабиян, кIудияб чIухIигун бицана гьелъ.

– Дол рикIкIадал соназда гIелмуялда тIад хIалтIи гIемеразе хасиятаб жо букIана, – ян ракIалде щвезабуна Изабеллаца, – ва доб заманалъулги гьанжеселги студентал данде ккуни, батIалъи кIудияб батула. Гьанже хъвалел диссертациязулъ абизегIанасеб гIелмияб цIех – рех букIунаро. Жакъа ДГУялъул биофакалда биохимия бугила бищунго гIемер лабораториязда лъазабулеб гIелмуян абуна гьелъ. Классикиял гIелмабазде мугъ сверулеб бугила, гъираялда гьел лъазаруларила.

– Щайгурелъул биохимия буго хайир кьолеб рахъ, - иланги абун гьимана Изабелла, – хурдузул физиологиялъул кафедраялда хIалтIизе бокьарал абуни къанагIалъана.

## ГIЕЛМУЯЛЪУЛ БУГЕБ ХIАЛ

– 90 абилел соназда щибго хутIун букIинчIо. ГIелмуялдехун дагьабгIаги кIвар студентазул буссинбизе бажарулароан. Амма заман цо бакIалда чIоларо. Гьанже щулалъулеб буго университеталъул гIелмиябгун – техническияб кьучIги, раккулел руго нилъер заманалда рекъарал лабораториялъул приборалги. Хурдузул физиологиялъул кафедраялда студентаз хIалтIи гьабизе бегьула гIелмиял станциязда цадахъ лъугьунги. Гьединаб гIелмияб станция буго Дербенталда. ТIолгороссиялъул хурдузулаб генетикиялъул сурсатазул институталъул филиал хIисабалда, гьеб гIуцIун букIана Россиялъул генетикаялъе кьучI лъурав Н. Вавиловас. Жакъа гьеб станциялъе нухмалъи гьабулеб буго нижер вукIарав студент, гIелмабазул доктор К. Куркиевас.

– Гьеб станциялда буго гIелму цебетIезабизе лъикIаб оборудование. Нижеца студентазда гьарула магIишатиял къотIабазда рекъон гьабейин гIелмияб цIех-рех, – ан бицана Изабелла Хайрутдиновалъ.

– Амма гьедин хIалтIизе гъира бугел ратулел гьечIо. Университет лъугIун хадурги хIалтIизе уна хасал гIадамазул лабораториязде, пачалихъалъулазда хIалтIизе бокьуларо. ГIелмуялда тIад хIалтIизе бокьаралги дагьал руго

Гьанже заманалъул студентазул бокьулареб хIалтIилъун лъугьиналде. Учителасул къимат гIодобе кколеб букIиналъ педвузазде цIализе рачIунел ругила балазул къадар гIоларел, цIализе бажари гьечIел гIолилал. Гьединал студентазул лъикIав педагог лъугьинавизе вузалдаги бажаруларила ва педагогал ругила гIодобегIанаб квалификациялъул, – ян абуна Изабелла Хайрутдиновнаялъ. – ХIассил гьабуни, иш школалъул хIалтIи букIине кколеб даражаялда гьечIолъиялъулъ, репетиторазул кумек гьечIого школьниказда программа лъан бахъунеб гьечIолъиялъулъ буго. ГIемерисел



психология хисизабизе рес бугищилан гьикъидал, гьелъ абун бугила, цебесеб, советияб заманалда букIарабго лъайкьеялде руссине кколалан.

Изабеллал пикруялда рекъон гIураб лъай цIалдохъабазе школаздаги кьолеб гьечIо. Гьениб лъималазда малъулеб гьечIо нилъер заманалъул гIелмиял церетIеял, тIаде лъазарурал, рагьарал жал. ЦIалдохъанасул гIелмияб ва психологияб рахъ гIуцIиялъеги гьабулеб гьечIо хIалтIи. Жакъасел ресазда рекъон вузазда гьез лъай босиялъе къваригIуна гIелмияб лъаялъул кьучI. Учителзаби лъикI хIалтIиялъеги шартIал гIуцIизе ккола.

## «ГIИНТIАМИЧIЮГО ТАРАВ ПЕДАГОГ»

Гьелъ киналъго рачунел руго учителасул профессия лъиего лъимал, цIализе бокьичIого, кьун гIарацгун репетиторалги ккун хIадурлъулел руго экзаменазде ва гьединаб хIалалъ гIаммаб гьоркьохъеб лъайкьеялъул даража гIодобе ккезабун буго.

Кин батаниги, цебесебги гьанжесебги данде кколаго, Изабелла Хайрутдиновналъ кIвар буссинабуна церехун гьанже гIадинал цIалул алатал – оборудование букIинчIолъиялде ва гьебго заманалда цIех-рехалъулаб хIалтIи цIалдохъабаз цебе гIемерго лъикI ва гъираялда гьабулеб букIараблъиялде. Факультеталъул педагогикияб практикаялъул гIаммай нухмалъулей ва гьединго методист хIисабалда, Изабеллаца рачунел хурдузул физиологиялъул, тIадегIанаб школалда биология малъиялъул методикаялъул

# Женщина Дагестана

**3/2022**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Министерство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 13.05.2022.
Подписано в печать 20.05.2022.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0504. Тираж (3841) 984 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Раисат Омаровна Туричева – кандидат филологических наук, заведующая кафедрой иностранных и латинского языков ДГМУ.


ва цогидалги курсалги руго. Гьединлъидал гьелда лъалеб буго школазда бугеб хIалги.

Кидаго киналъулго пикрабазда йикIуней гIаданлъидал, Изабеллаца бицана гIадан куцаялъе ва гьесие тарбия щвеялъе щиб къваригIунебалиги. Гьениб аслияблъун гьелда бихьулеб буго захIмат бокьиялъул рахъ цебетIезаби.

– ГIадамазе бокьулеб гьечIо хIалтIизе, – ян бицана гьелъ, – захIматалдаса ричIун руго. ЗахIмат бокьи абуни буго гIадан, хъизан, улка цебетIеялъе чара гьечIеб шартI. ЗахIмат бихьичIого гIуцIуларо жамгIиятги лъугьунаро цебетIейги. Нилъее кIудияб кIвар буго жакъасеб гIел захIматалде ругьун гьабиялъул, гьеб тарбия щвараб, лъай тIадегIанаб гIеллъун куцаялъул. Гьеб рахъ нилъер нахъе ккезабизе хIалтIулеб буго западалъул ва цогидал рахъазул нилъее чияраб пикруялъул чагIи. Гьезие щокъроб къараб ракьа гIадин буго нилъер жибго жинцаго хьезабизе кIолеб ва цебетIезе рес бугеб улка, кIвараб хIаракат бахъулеб буго нилъ нахъе ккезаризе, жидедаго раралльун лъугьинаризе.

Изабелла Хайрутдиновналъул пикру битIарабги буго. Украинаялъул ва гьениб тIобитIулеб хассаб операциялъул бицунагоги гьелъ абуна, загьруяб хергIадин тIибитIулеб букIанила, КIудияб ВатIанияб рагъул заманаялъги жиндир кьогIлъи бихьараб ракьалда нацизм. Гьелъ гурищ ракълилаб халкъалда тIад михир бачараб, цIадулъе, херал-бахIарал, руччаби-лъимал ратIа гьаричIого, гIаламги бугIун. Гьеб чIарачIого тIубалеб хIалги букIинчIила ва Россиялъул тIалъиялъ гьабураб таваккалалъул кутакалда рахъ кквезе кколилан. Гьедин гуребани хIинкъи букIанила цIидасан фашизм ракьалда тIибитIизеги гьелъ кIудияб балагь гьабизеги.

## ПИКРАБАЛЪ ЙИКIУНЕЙ

– Микьго соналъ геноцид букIана Донбассалда. Гьеб дагьаб заман гуро, зулмуги хIехьон рукIине. Цебего заман щун букIана гьеб къотIизабизе, – ян абуна Изабелла Хайрутдиновнаялъ. Щибаб ахIвалхIалалда хIисабалде росизе кколила тарихалъул дарсал, гьезул хIасилги гьабун, ургъизе ва хIукмаби къотIизеги лъазе кколила.

– БачIана согIаб хIалбихьиялъул заман, – илан абуна гьелъ, – амма нилъеца къохIехьезе ккола, хадуселъ лъикI букIиналъе гIоло.

## ХЪИЗАН…

Дица гьикъана гьелда сунца гьаб ракьалда дуе рухI кьолебилан: мустахIикъал умумузищ, хъизаналъищ, дурго васазищ?

Гьей гьимана ва бицана:

– Нижер эбел-эмен – Хайрутдин Эффендиевичасул ва Рабият МухIамадовналъул рукIанаункъоял ясал. Гьел киназулго букIана жидерго ишги. КIигояй рахъана тохтураллъун, дун биологлъун, цо яц нижедаса ятIалъана… Дун талихIайлъун йиго хирияй эбел чIаго йикIиналъги, гьей ккола дие бищунго хирияй, рухIги жанги кьолей гIадан.

Изабелла Хайрутдиновналъ жиндирго хъизанги куцан буго эбел-инсуцаго гIадин. Дагъистаналда гIададатлъун букIахъе, рокъов аслияв чи вуго гьелъул рос Наби ГIабдулаевич. Гьев кинин ракIалъ восарав абун дица гьикъидалги, гьей ничадго гьимана:

– Ворхатав, тарбия щварав, вокьилев гIадав гIолохъанчи вукIана гьев… Гьанже Наби ГIабдулаевич ккола консалтингалъул компаниялъул нухмалъулев. Васал – цояв тохтур, цогидав юрист. Гьезуги руго жидерго хъизан-лъимал ва гIумру гьабулел руго гIагараб Лак районалъул Хури росулъ.

Изабелла Хайрутдиновна йиго талихIай эбелги, лъадиги, кIодоэбелги. Гьелъул росас абуна, живги гIелмуялде гьорлъе лъугьиналъе кумекалъе лъади ятанила ва гьей жиндие кидаго нух бихьизабулеб цIвалъун йигилан.

***Щибдайха инсанасе гIумруялда бищунго кIвар бугеб жо? РагIиги гIамалги данде ккун гIумру гьаби, захIмат бокьи ва хIасил ккеялда божи букIунеб батилин тана дица. Нужеда кин кколеб?***

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**





# Здравствуй, жизнь!





ИНДЕКС ПН023

6+



4 651116 280082